

WULAN BRAYAT

BRAYAT

PANGASUNG PANGAJENG-AJENG



LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH
Samironobaru 77 kompleks LPPS
Yogyakarta 55281

2018

Wulan Brayat 2018

Jejer:

“Brayat Pangasung Pangajeng-ajeng”

Kawedalaken déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja-Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia Sinode

Wilayah Jawa Tengah

Samironobaru no. 77 Kompleks LPP Sinode Yogyakarta

Telpon: 0274-514721

Fax: 0274-543001

Kanggé nggantos béya nyétak (déréng kalebet béya ngintun) Rp.

ATUR SAPALA

Puji sokur konjuk Gusti ingkang sampun nganthi kita badhé lumebet ing Wulan Brayat 2018. Inggih menika wekdal kanggé piyambak-piyambak saha pasamuwan sami ngraos-raosaken gesang bebrayatan. Kanthi mekaten, kita saged nata malih gesang bebrayatan kita wonten ing padhanging sihipun Gusti.

Ing Wulan Brayat 2018 samangké kita kaatag migatosaken salah satunggaling hakékating brayat, inggih menika minangka pangasung pangajeng-ajeng. Pramila, jejer Wulan Brayat 2018: “Brayat Pangasung Pangajeng-ajeng”.

Jejer menika dados wigatos, mirungga ing kawontenan jagad samangké, ingkang sami remen rebat unggul, saha sadhèngah prekawis ingkang tuwuh saking *media sosial* (facebook, Twitter, lsp.), ingkang saged ngrisak ‘*kesehatan méntal*’. Awit *media sosial*, kathah tiyang lajeng dados sami sibuk piyambak-piyambak, dadosa ing pawiyatan, padamelan lan ugi mawarni-warni bab ingkang ndadosaken tiyang gampil ngenglang/stress lan dhéprési. Ing kawontenan kados mekaten, dhateng pundi tiyang badhé sami mlajar menawi mboten dhateng brayatipun? Ananging pitakènanipun, “Menapa brayat saged asung menapa ingkang dipun betahaken déning anggotaning brayatipun kasebat?”

Lumantar bahan-bahan ing buku Wulan Brayat menika, kita badhé sesarengan ngraos-raosaken jejer kasebat. Ing ngandhap menika kacawisaken sapérangan cathetan ingkang wigatos kanggé migunakaken buku menika:

1. Pangibadah-pangibadah Minggu sumangga karacik minangka pangibadah brayat, ingkang asung wewengan dhateng para laré saha nèm-nèman ndhèrèk ngracik saha lelados ing pangibadah kasebat, satemah saged dados pangibadah intergenerasional.
2. Panyuraos Kitab Suci ingkang kacawisaken ing buku menika kaajab saged dipun tindakaken ing saben brayat.

Tumrap warga pasamuwan ingkang selèn utawi brayatipun mboten nunggil pitados, saged dipun tunggilaken kaliyan brayat Kristen ingkang celak utawi sami dipun dadosaken setunggal. Ananging prayogi menawi cacahing saben tetunggilan menika wetawis 4-6 tiyang kémawon.

3. Ing buku menika kacawisaken bahan Pakempalan Pandonga kalih jinis: kanggé wilayah/blok/kring lan ugi kanggé saben brayat. Saben gréja kaatag supados mberek warganipun sageda nindakaken pakempalan pandonga saben brayat.
4. Bahan-bahan ing buku menika kaaturan kaolah malih miturut kawontenan sapapan supados langkung maédahi.

Ing wewengan menika, keparenga kawula ngaturaken agenging panuwun dhumateng kanca-kanca tunggil paladosan ingkang sampun sesarengan nyawisaken bahan-bahan menika:

1. Pdt. Elia Dwi Prasetya (Bidang PWG Bapelsin XXVII GKJ)
2. Pdt. Sat Herry Sucahyo (GKJ Jatimulyo, Yogyakarta)
3. Jeannette Mintardjo (Mahasiswa Fakultas Teologi UKDW)
4. Sdr. Wahyu Nurbiyantoro (Capen GKI Tahap Perkenalan)
5. Sdri. Artha Kinanti Sekar Kasih (alumni Fakultas Teologi UKDW, mengajar di TK Kristen Manahan Surakarta)
6. Pdt. Nugroho Hadiwibowo (GKJ Margoyudan Surakarta)
7. Pdt. Em. Darsono Eko Nugroho (LPP Sinode)
8. Pdt. Em. Widdwissoelli (LPP Sinode)
9. Pdt. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan Surakarta)

Béda-bédanipun padamelanipun pangrakit buku menika kaajab saged madhahi gagasan-gagasan ingkang ugi béda-béda ing brayat. Sugeng nindakaken Wulan Brayat 2018. Gusti hamberkahi.

Yogyakarta, Juli 2018

Salam tentrem rahayu,
PPP LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng:

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Addi S. Patriabara
Pdt. Murtini Hehanussa

DHAPTAR ISI

Atur Sapala	i
Dhaptar Isi	iii

Bahan Khotbah

Minggu I, 7 Oktober 2018	1
Minggu II, 14 Oktober 2018	7
Minggu III, 21 Oktober 2018	13
Minggu IV, 28 Oktober 2018	19

Bahan Tata Panembah

Minggu I, 7 Oktober 2018	25
Minggu II, 14 Oktober 2018	43
Minggu III, 21 Oktober 2018	53
Minggu IV, 28 Oktober 2018	63

Bahan PA Brayat

PA Brayat I	73
PA Brayat II	79

Bahan Pakempalan Pandonga Blok/Wilayah

Pakempalan Pandonga I	85
Pakempalan Pandonga II	91

Bahan Pakempalan Pandonga Brayat Inti

Pakempalan Pandonga Brayat Inti I	95
Pakempalan Pandonga Brayat Inti II	101

Wulan Brayat 2018

BAHAN KHOTBAH



**Bahan ingkang
kacawisaken punika
saged dipun olah jumbuh
kaliyan kawontenan
piyambak-piyambak.**



Khotbah

Minggu, 7 Oktober 2018

Waosan Kitab SuciWaosan 1 : Purwaning Dumadi
2:18-24

Tanggapan : Masmur 8

Waosan 2 : Ibrani 1:1-4; 2:5-
12

Waosan Injil: Markus 10:2-16

**NGRIMATI
MANUNGGALING
BRAYAT**

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus. Saben tiyang gesang temtu nggadhahi gegayuhan. Gegayuhan punika badhé dipun udi ngantos saged dipun candhak. Upaminipun satunggaling laré ingkang nggadhahi gegayuhan dados dhokter, mila piyambakipun badhé mbudidaya supados gegayuhanipun saged kadumugèn, amargi gegayuhan mujudaken pepinginan ingkang tansah dipun angen-angen. Nanging, gegayuhan mboten namung pepinginan kanggé nyambut damel utawi panggaotan ing babagan ingkang gumathok, gegayuhan ugi saged ateges ancasing gesang ingkang badhé dipun gayuh déning tiyang gesang. Makaten ugi ing salebeting brayat, sampun temtu ugi kagungan ancasing brayat ingkang badhé dipun sedya.

Rumiya, tiyang kagungan panganggep bilih ancasing brayat punika namung nyekapi kabetahaning gesangipun warganing brayat kémawon. Menawi sandhang, pangan, papan minangka kabetahan utami brayat sampun kapenuhan, mila tiyang sami nganggep bilih ancasing gesangipun brayat sampun kapenuhan. Sokur bagé saged nyekapi kabetahan sanèsipun. Punapa malih ing jaman ingkang saya gampil sarta canggih (ora sabaèné) kados wekdal samangké, kathah brayat ingkang langkung ngutamèkaken kacekapaning kabetahan kadonyan. “Sing penting brayatku bisa turu, mangan, anakku bisa sekolah”, punika sampun cekap.

Nanging, ancasing gesang bebrayatan mboten namung nyekapi kabetahan utami utawi kabetahan kadonyan kémawon. Wonten satunggal ancasing gesang bebrayatan sanjawinipun kabetahan utami lan kadonyan ingkang kala-mangsani pun mboten kagepok déning brayat, inggih punika manunggaling brayat. Manunggaling brayat mboten ateges brayat kedah kedadosan saking bapa, biyung, tuwin anak. Manunggaling brayat inggih punika nalika satunggaling brayat saged mbabar ancasing gesang kadosta ingkang dipun kersakaken Gusti Allah, inggih punika tentrem rahayu.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus. Ing minggu kapisan Wulan Brayat punika, kita badhé ngraos-raosaken tanggeljawab kita ing satengahing brayat kanggé ngrimati manunggaling brayat. Ngrimati manunggaling brayat mujudaken timbalan kita minangka titahipun Gusti Allah. Supados saged ngrimati manunggaling brayat, sumangga kita:

1. Ngrumaosi bilih Gusti Allah sampun maringi kaluhuran saha kamulyan dhateng manungsa

Nalika Gusti Allah nitahaken manungsa, Panjenenganipun ugi maringi kaluhuran lan kamulyan dhateng manungsa. Kaluhuran lan kamulyan punika mujudaken ganjaran ingkang éndah linangkung tumrapipun manungsa. Kanthi kaluhuran lan kamulyan punika manungsa kaparingan panguwaos mengku sadaya titahipun Gusti Allah. Tegesipun manungsa tinimbalan ngrimati kasampurnanipun utawi manunggaling titah ingkang sampun katitahaken déning Gusti Allah (Jabur Masmur 8), mboten ngrisak titahipun Allah. Lumantar kaluhuran lan kamulyan punika manungsa saged nggadhahi sesambetan kaliyan Gusti Allah. Kasampurnaning titah ingkang gampil piyambak dipun sumurupi punika ing salebeting brayat. Sesambetan kita kaliyan Gusti Allah badhé ketinggal saking sesambetan kita kaliyan brayat. Nalika kita sampun mboten saged ngurmati brayat kita piyambak, ateges kita sampun mboten saged ngurmati Gusti Allah kita minangka Sang Khalik. Menawi makaten, kita namung badhé

ngrèmèhaken ganjaranipun Gusti Allah ingkang awujud kaluhuran lan kamulyan.

Gusti Yésus minangka Putraning Manungsa ingkang ugi sampun nampi kaluhuran saha kamulyan saking Gusti Allah Sang Rama, dados tuladha tumrap kita. Gusti Yésus nampèni kaluhuran sarta kamulyan kanthi ngasoraken Sariranipun piyambak kanthi dados manungsa sarta dados langkung asor tinimbang kaliyan para malaékat . Kapara Gusti Yésus karsa nandhang sangsara lan séda sinalib supados manungsa kasucèkaken sarta pantes dados gegelitaning brayatipun Gusti Allah. Gusti Yésus kanthi kamulyanipun sampun njagi lan ngrimati manunggaling brayatipun Gusti Allah, supados sadaya titah saged ngraosaken tentrem rahayu. Makaten ugi ingkang kedahipun kita lampahi, inggih punika njagi lan ngrimati manunggaling brayat kita kanthi kaluhuran saha kamulyan ingkang sampun dipun paringaken déning Gusti Allah dhateng kita (Ibrani 2:5-12).

2. Nuwuhaken iman ing satengahing brayat.

Panggulawenthah wiwitan tumrap gesangipun manungsa punika saking brayat. Brayat punika ingkang nanemaken panggulawenthah wiwitan mila, dadosa ing babagan subasita, olah pamikir, punapadéné tindak tanduk. Makaten ugi bab iman. Kalih prakawis punika kedah dipun tuwuhaken ing salebeting brayat minangka tetales kanggé njagi lan ngrimati manunggaling brayat. Wonten ing waosan Injilipun Gusti Yésus ngantepaken bilih saben manungsa kedah nggadhahi iman sarta wewatekan andhap-asor kadosdéné laré alit. Ing Markus 10:13 kasebataken “Wong-wong banjur padha nyowanaké bocah-bocah cilik menyang ngarsané Yésus, pamrihé supaya Panjenengané ngasta bocah-bocah iku”.

Ayat punika nerangaken bilih laré-laré alit punika manut nalika wonten tiyang ingkang nyowanaken piyambakipun dhateng ngarsanipun Gusti Yésus. Prakawis punika

nggambaraken bilih manungsa kedah nuwuhaken imanipun dhateng Gusti Allah kanthi sumarah pasrah dhumateng Panjenenganipun. Laré-laré alit ugi nggambaraken wewatekan gumantung dhateng tiyang diwasa. Laré-laré alit dèrèng saged nemtokaken margining gesang. Laré-laré alit taksih gumantung sawetahipun dhateng tiyang diwasa. Laré-laré alit ugi pitados dhateng tiyang diwasa punika. Prakawis punika nggambaraken bilih manungsa kedah gumantung dhateng Gusti Allah kanthi èstu-èstu pitados, tanpa mangu-mangu sekedhik-sekedhika. Iman ingkang makaten punika ingkang dipun kersakaken déning Gusti Allah dhateng manungsa kanggé njagi lan ngrimati manunggaling brayat.

3. **Dados rowang sembada tumrap gegelitaning brayat.**

Ing salebeting brayat, dipun betahaken sesambetan ingkang saé ing antawisipun warganing brayat. Awit saking punika, dipun betahaken wontenipun wewatekan andhap asor. Wewatekan punika ingkang badhé mberek kita kanggé dados manungsa ingkang landhep pangraosipun sarta perduli dhateng tiyang sanès, mirungganipun dhateng warganing brayat.

Kathah tiyang ingkang ngandika, tiyang jaler lan èstri nalika saweg sami pacaran namung badhé nindakaken prakawis ingkang saged ndamel pacaripun bingah sauruting dinten. Nanging sasampunipun ningkah, badhé ketinggal wewatekan aslinipun. Piyambakipun awis-awis prakawis ingkang saged ndamel pacaripun bingah sauruting dinten. Kados-kados piyambakipun dados mboten perduli. Nanging pangandikanipun Gusti ngémutaken kita bilih wanita punika kawangun saking balung iganipun priya lan kekalihipun wau asalipun saking daging ingkang sami temahan kekalihipun dados daging satunggal (Kejadian 2:21, 24). Priya lan wanita punika nggambaraken manunggaling brayat kanthi ancas mawujuding tentrem rahayu, mila kekalihipun katitahaken kanggé sami tulung-tinulung.

mBoten namung wanita ingkang katitahaken dados rowang ingkang sembada kanggé priya, ananging priya ugi katitahaken dados rowang ingkang sembada kanggé wanita. mBoten wonten ingkang langkung unggul utawi langkung asor. Kekalihipun sami. Kekalihipun punika daging satunggal, ingkang katitahaken kanggé dados rowang ingkang sembada kanthi wewatekan andhap asor. Waosan Injil wekdal punika ugi ngantebaken bilih manunggaling brayat punika prakawis wigatos piyambak (Markus 10:6-8).

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus. Gusti Allah nitahaken jagad saisinipun kanthi prayogi linangkung. Sadaya kayasa sampurna tanpa cacat. Kita namung tinimbalan njagi lan ngrimati manunggaling titahipun Allah punika. Manunggaling titahipun Allah badhé mawujud menawi kita purwakani saking brayat kita. Njagi lan ngrimati manunggaling brayat dados prakawis ingkang wigatos piyambak kanggé manungsa ing salebetipun mujudaken ancasing gesang inggih punika tentrem rahayu. Pramila, mangga kita sesarengan njagi lan ngrimati manunggaling brayat kita piyambak-piyambak kanggé nggayuh tentrem rahayu saking Gusti Allah. Amin.

[aksk-den]

Bahan Khotbah

Minggu, 14 Oktober 2018

**BRAYAT INKGANG
MBEKTA KAADILAN****Waosan Kitab Suci:**

Waosan 1 : Amos 5:6-7, 10-15

Mazmur : Mazmur 90:12-17

Waosan 2 : Ibrani 4:12-16

Injil : Markus 10:17-31

Pasamuwang ingkang kinasih,
 Bu Prapti kagungan putra kalih; Joni lan Toni. Wonten ing acara study tour sekolah, déning ibunipun Joni diparingi sangu Rp. 100.000, déné Toni Rp. 300.000. Miturut panjenengan (pasamuwan) punapa bu Prapti sampun tumindak adil tumrap putra-putranipun? (*ngaturi pasamuwan wekdal sakwetawis supados paring tanggapan*). Kados-kados, bu Prapti pancèn boten adil. Nanging wonten kasunyatan sanès ingkang dados panggalihanipun bu Prapti; Joni punika kera, menawi neda 1 piring mawon awis-awis mboten telas, déné Toni punika lema, menawi neda 2 piring. Mila lajeng sangunipun Toni langkung kathah, awit kabetahanipun Toni ugi kathah. Menawi mekaten, bu Prapti adil napa mboten? (*ngaturi wekdal malih*). Saking carios cekak punika, jebul ingkang dipun maksud kaadilan punika sanès ing bab petung duwit, nanging bab kabetahan. Duwit namun dados ubarampèning kabetahan. Lan kabetahan punika dados *hak-hak kamanungsan* (nilai-nilai kemanusiaan).

Wiwit jaman rumiyin, kados ingkang sampun kacarios ing kitab Amos (waosan I); sampun kathah tiyang ingkang ngrudapeksa kaadilan; ngrampas lan njajah, seneng nyiksa, lan memateni. Ing kawontenan kados makaten, Gusti Allah mboten badhé negakaken tiyang-tiyang ingkang nandang kasangsaran awit katindhes déning liyan. Kados déné Gusti mbélani Israèl nalika kajajah déning Mesir, makaten ugi Gusti

Allah badhé mirengaken umatipun ingkang katindhes. Malah, para panindhes bakal ngraosaken paukumanipun Gusti.

Pitakènanipun, lajeng wonten pundi dunung kita minangka umatipun Gusti, inggih pandhèrèkipun Sang Kristus? Minangka “ingkang mbekta kaadilan” punapa malah ingkang ngrisak kaadilan? Tumraping manungsa; namun wonten 2 pilihan, inggih punika: gesang tetunggilan kaliyan Gusti, utawi malah nglawan Gusti Allah. *Konsekuènsi* gesang tetunggilan kaliyan Gusti inggih punika nglampahi gesang miturut margining Allah, lan *konsekuènsi* nglawan Gusti Allah inggih punika gesang ingkang lampahipun tansah minger saking margining Allah, mila tumuju ing tangis lan pati.

Kadangkala kita *cabar*¹ (Ind: gagal) gesang tetunggilan kaliyan Gusti lan ugi cabar dados tiyang ingkang mbekta kaadilan. Punika dipunsebabaken awit kita punika -tansah rumaos-dados tiyang ingkang mbetahaken kaadilan, tanpa ngraosaken bilih kita punika pribadi ingkang kadhawuhan dados tiyang ingkang mbekta kaadilan. Mila padatanipun tansah ngraosaken kirang berkah, kirang sugih, kirang duwit, lan kirang-kirang sanèsipun. Intinipun mboten saged ngraosaken binerkahan, mila lajeng nebih saking pamuji syukur. Dangu-dangu rumaos bilih Gusti punika mboten adil ing gesangipun. Tundanipun gesang rumaos bilih Gusti malah paring berkah linangkung tumraping liyan ingkang kawawas mboten setya. Lajeng protes: “*piyambakipun kémawon awis-awis wonten geréja, ning griyanipun langkung ageng katimbang griya kula, langkung binerkahan... Gusti boten adil!*” Ing kawontenan iman kados makaten punika, timbalan dados tiyang ingkang mbekta kaadilan mboten karaosaken malih.

Pasamuwan ingkang kinasih,
Punapa leres bilih berkahipun Gusti punika kirang ing gesang kita? Mangga katuran jujur... kurang napa mboten? (*umat kaparingan wekdal kanggé interaksi*). Mangga sami ngetang berkahipun Gusti ing gesang kita kanthi jujur. Kita ngadeg,

¹ cabar: mboten kadumugen kasedyanipun.

namung perlu tègel (tègel lantai) satunggal wilah to? Cobi dipun étang tègel wonten griya... kirang? Kita sami lenggah namung mbetahaken kursi 1, cobu dipun étang jumlah kursi panjenengan wonten ing griya.... kirang? Kita nedha, namung mbetahaken 1-2 piring to? Cobi dipun pirsani piring, isining kulkas punapa déné pawon panjenengan... kirang?. Ngagem rasukan rak inggih namung mbetahaken 1 rasukan to? Cobi dipirsani lemarinipun, wonten pinten cacahipun rasukan panjenengan?... kirang?. Kasunyatanipun berkahipun Gusti punika linangkung. Mangga sami sadar lan mboten pisan-pisan rumaos bilih berkahipun Gusti punika kirang, napa malih malah rumaos bilih Gusti punika mboten adil; mung gara-gara rasukanipun tiyang sanès langkung kathah jumlahipun tinimbang rasukan kita.

Dados cathetan penting, bilih berkah boten kaétang saking pétung kadonyan, langkung jangkep mangga sinau saking Injil Markus 10:17-31 ingkang paring paseksi:

Wonten tiyang nèm ingkang kebak khormat, sowan lan sujud wonteng ngarsanipun Gusti Yésus, lajeng matur Pitakènan: “Dhuh, Guru ingkang utami, punapa ingkang kedah kula lampahi, supados angsal gesang langgeng?”. Katon sanget bilih nem-neman punika anggadhahi unggah-ungguh ingkang saé; piyambakipun mboten namung sowan lan sujud nanging ugi nyebat bilih Gusti Yésus punika Guru ingkang utami. Mila Gusti Yésus paring wangsulan: “Yagéné kowé ngarani Aku utama? Ora ana kang utama, kajaba mung siji: Gusti Allah. Kowé mesthiné wis sumurup pepakon: Sira aja memateni, aja laku jina, aja nyenyolong, aja ngucapake paseksi goroh, aja gawé pituna marang wong; sira ngajènana bapa-biyungira! (Markus 10:19)”. Wangsulanipun tiyang nèm punika saya mbombongaken manah: “...Guru, sadaya punika sampun kula tetepi wiwit alit mila.” Tiyang nèm punika saya damel *simpati*-nipun Gusti Yésus, mila lajeng mirsani kanthi raos tresna lan paring pitedah sampurna: “Mung kari saprakara kakuranganmu: Mundura, barang darbèkmu dolana kabèh, pepayoné wenèhna marang wong-wong miskin, temahan kowé bakal tanpa bandha kaswargan, banjur bali mréné, mèlua

Aku!” (Markus 10:21). Nalika tiyang nèm punika mireng pitedahipun Gusti, jebul malah gela, lajeng mundur kanthi sedhih, awit barang darbèkipun kathah.

Kula lan panjenengan asring mboten saged dados tiyang ingkang mbekta kaadilan amargi ngrasuk iman (kapitadosan) ingkang *kontraproduktif* kados tiyang nèm ingkang sugih ing cariyos ngajeng kala wau. Satunggal sisih fisikipun katon sujud anyembah Gusti, nanging sisih sanèsipun lamis, awit anggènipun nyembah mboten kinanthenan tulusing driya lan jiwa. Bandha donya ingang sakmesthinipun dados sarana pawartosing katresnan, malah dados pepalang anggènipun tinimbangan tetulung/mbiyantu tumrap tiyang sanès. Bandha donya malah ngalang-ngalangi anggènipun dados tiyang ingkang mbekta kaadilan. Perangan penting ingkang nyengsemaken manah; jebul ukuran gesang langgeng ing wansulanipun Gusti Yésus katndhesaken ing lakuning gesang tresna mring sesami, mangga dipun waos malih ayat 17-21 kala wau. Konkritipun wonten ing gesang kebak kasanggeman mbagekaken bandha donya kanggé mbiyantu sesami, inggih punika tiyang-tiyang ingkang mbetahaken. Menawi makaten, gesang langgeng namung dados kagunganipun mring tetiyang ingkang purun paring pambiyantu minangka wujud tetunggilan ingkang nyata kaliyan Gusti, lah punika ingkang kasebat tiyang ingkang mbekta kaadilan.

Pasamuwan ingkang kinasih,
Sabda pangandikanipun Gusti prsasat ngluwihi pedang kiwa-tengen kang landhep (Ibrani 4:12-16), lan pedang punika tumuju ing kita sadaya minangka pemuat; sumangga sami manungkul lan refleksi, sampun ngantos sacara fisik lan liturgis kita katon sujud nyembah Gusti, nanging driya lan jiwa mboten tulus lan tandhes anggènipun anyembah lan memuji Gusti, awit bandha donya dados tujuan utami.
Sumangga kita sami sedyana nunggil Gusti Yésus Kristus, ingkang dados Imam Agung ingkang pinunjul. Imam Agung ingkang ugi ngraosaken kamanungsan-kamanungsan kita. Ugi ingkang tansah nyarengi, nganthi lan ndunungaken anggèn

kita lumampah ing gesang. Mangga sumadya dados tiyang ingkang mbekta kaadilan, kawiwitan saking komunitas alit inggih punika brayat. Dadosa brayat ingkang mbekta kaadilan. Amin.

[shs]

Bahan Khotbah

Minggu, 21 Oktober 2018

Waosan Kitab Suci:

Waosan 1 : Yésaya 53:4-12

Mazmur : Mazmur 91: 9-16

Waosan 2 : Ibrani 5: 1-10

Injil : Markus 10: 35-45

**BRAYAT INKGANG
LADOS-INGLADOSI**

Momotan ing gesang bebrayan saged tuwuh saking “adeq”-ipun para warganing brayat. Adeq ingkang kaginakaken kanthi saé lan samesthinipun, temtu mangké ngasilaken prekawis-prekawis ingkang handhatengaken kasaénan tumrap brayatipun. Nanging menawi adeq kaginakaken namung kanggé kasaénan dhiri piyambak, temtu mangké saged nuwuhaken padudon ing satengahing gesang bebrayan. Sikep nindes warganing brayat saged tuwuh saking pangrumaosing adeq ingkang inggil ing satengahing brayat. Contonipun, awit rumaos nggadhahi adeq ingkang langkung inggil minangka sesirahing brayat, lajeng sikepipun sakwenang-wenang, kasar, lan sapiturutipun. Wonten ugi ingkang nggadhahi pamanggih, minangka tiyang jaler, minangka sadhèrèk sepuh, lajeng sikepipun saksekecanipun piyambak, mboten purun mawas kawontenan sadhèrèk sanès. Pancen menawi namung nengenaken pepinginan/pikajeng piyambak lajeng nglirowakaken tiyang sanès punika nélakaken sikep ingkang mapanaken dhiri langkung unggul; kepingin pinunjul ing sadhengah prekawis; kedah kinormat, piniji, dipun pireng swantenipun, dipun ladosi, lan sapiturutipun; sinten ta ingkang mboten remen dipun ladosi, nggadhahi kuwaos ingkang ageng, lan saged nata samukawis miturut pepinginanipun?

Prekawis punika ugi ingkang dados pepinginanipun Yokanan lan Yakobus. Murid kalih punika ngersakaken supados nggadhahi adeq ingkang inggil ketimbang para murid

sanèsipun. Murid kekalih punika nyelaki Gusti Yésus nyuwun supados kalenggahan ing sisih kiwa tanganipun Gusti Yésus ing swarga saged dipun paringaken dhateng Yakobus lan Yokanan punika. Gusti Yésus paring wangsulun bilih punapa murid kekalih punika mumpuni anggènipun ngadhepi kawontenan awrat ingkang badhé dipun lampahi déning Gusti Yésus. Sinaosa murid kalih punika matur bilih sagah ngadhepi samukawis, nanging Gusti Yésus paring pangandika bilih prekawis punika sanès wenangipun Gusti Yésus.

Wonten ing satunggaling sisi, panyuwunan lan kasanggaman murid kalih punika minangka wujud ing greged/semangat anggènipun kepingin lelados lan mantep ing penggalih anggènipun nderek Gusti Yésus. Kita saged ngraosaken bilih murid kekalih punika èstu-èstu madhep-mantep dados muridipun Gusti Yésus. Nanging wonten ing sisih sanèsipun, sacara kamanungsan panyuwunipun murid kalih punika saged kaperang dados kalih prekawis ingkang sami cengkah. Panyuwunan punika satunggaling wujud pepinginan kadonyan, pepinginan ingkang *instant*, sakal dados tanpa kedah nglampahi prekawis-prekawis ingkang kedah dipun lampahi. Panyuwunan punika ugi wujud pepinginan kadonyan, bilih kalenggahan wonten ing sakiwa tengenipun Gusti Yésus punika minangka kalenggahan-kalenggahan ingkang inggil, sinten kémawon ingkang lenggah ing sakiwa tengenipun Gusti Yésus badhé ngraosaken indahing nyepeng kuwaos, ngraosaken indahing misuwuripun nama (*popularitas*), lan kamulyan.

Awit pirsia panyuwunan ingkang kados mekaten, para murid sanèsipun sami duka dhateng Yakobus lan Yokanan. Lajeng Gusti Yésus paring pangandika supados sami lerem. Para murid kedah béda kaliyan punapa ingkang limrah ing donya; kedah beda kaliyan para pamerintahing bangsa-bangsa, bilih “sing sapa kapengin dadi gedhé ana ing antaramu, iku dadia paladèmu, sarta sing sapa kapéngin dadi pangarep ana ing antaramu, iku dadia batura wong akèh” (Mark. 10:43b-44). Gusti Yésus ngersakaken para murid nggadhahi sikep batin

“peladèn” (pelados) utawi “batur” utawi “abdi.” Kados pundi sikepipun pelados utawi abdi punika?

Yésaya 53:4-12 nyariosaken sikep abdinipun Gusti ingkang mbangun turut, lembah manah, sarta tansah setya nglampahi tanggel jawabipun. Sinaosa tugas minangka abdi punika mboten ngremenaken, mboten nyaman, kawastan dados tiyang karam, kawastan nampèni paukuman saking Gusti Allah, lan sapiturutipun, nanging ingkang naminipun abdi tansah setya nindakaken tugasipun kanthi gumolonging manah. Ingkang naminipun abdi kedah sumadya ngurbanaken dhirinipun kanggé tugas ingkang dados tanggel jawabipun. Abdi ingkang kacariyosaken déning Yésaya punika abdi ingkang tebih saking raos misuwur (populèr), tebih saking raos adhem-ayem (nyaman), lan tebih saking raos pinuja-puja, nanging abdi ingkang nglampahi sangsara lan ngantos séda kanggé handhatengaken katresnan, katentremaning gesang, lan pamulihan kanggé tiyang kathah.

Tumrap para abdi ingkang tansah setya lan lembah manah nindakaken tugas tanggel jawabipun saking Gusti Allah, ingkang tansah ngugemi prasetyanipun Gusti mboten badhé éwah gingsir, temtu Gusti badhé ngganjar panganthi tumrap abdinipun. Prekawis punika kaserat lumantar paseksinipun Juru Jabur (Jab 91:9-16). Juru Jabur pitados bilih Gusti Allah mboten badhé negakaken abdi kagungan-Ipun mlampah piyambakan lan ngadhèpi kasangsaran piyambakan, nanging Gusti Allah badhé tansah nyarengi gesangipun. “Sanyata, sarehné rumaket marang Ingsun, mulané bakal Sunluwari, bakal Sunpageri santosa awit wanuh marang asmaningSun” (Jab 91:14).

Jumbuh kaliyan prekawis punika, Serat Ibrani 5: 1-10 ugi nélakaken bilih Gusti Yésus sampun katetepaken minangka Imam Agung déning Gusti Allah. Sinaosa katetepaken minangka Imam Agung, nanging Panjenenganipun tetep kagungan sikepipun abdi. Minangka Imam Agung, Gusti Yésus paring tuladha dhateng Imam Agung ingkang wonten

ing donya, bilih Panjenenganipun punika Imam Agung ingkang mursid, ingkang jumbuh kaliyan karsanipun Gusti Allah. Prekawis punika ngemu suraos, Panjenenganipun sinaosa minangka Imam Agung ingkang katetepaken déning Gusti Allah ngantos salami-laminipun, nanging tansah ngugemi sikepipun abdi.

Pasamuhan ingkang kinasih, gesang ingkang nélakaken sikepipun abdi temtunipun prekawis ingkang awrat. Punapa malih menawi sampun kageret déning pepinginan utawi nepsu kadonyan: populer / kepingin misuwur, nggadhahi kuwaos, kalenggahan, lan sapiturutipun. Prekawis-prekawis punika saged kémawon ndamel kita kablinger, kados Yakobus lan Yokanan.

Ing satengahing gesang bebrayan, anggènipun nélakaken sikepipun abdi punika èstunipun satunggaling prekawis ingkang awrat. Adeg lan kalenggahan sarta tataran wonten ing satengahing brayat punika kedahipun sampun ngantos dados sarana kanggé ngumbar pikajeng piyambak-piyambak, nanging kedah ndadosaken kita tansah emut bilih brayat punika minangka wadhah utawi papan ingkang prasoja kanggé mujudaken sikep nulad Gusti Yésus; sangsaya semangat ndhèrèk Gusti Yésus, nulad sikep-Ipun ingkang tansah ngugemi sikep abdi sinaosa minangka Imam Agung. Menawi kita lulus mujudaken sikep abdi wonten ing satengahing brayat èstunipun kita nggadhahi modal ageng, dhampakipun luwas dhumateng masyarakat lan bangsa kita kanggé mbangun kasaénan, katentreman lan karahayon.

Satunggaling teolog Indonesia, asmanipun Pdt. AA. Yewangoe naté ngendika mekaten, *“Kita adalah pelayan yang menjadi pemimpin, bukan pemimpin yang menjadi pelayan. Nada dasar kita adalah pelayan, sehingga walaupun kita tidak lagi memimpin kita tetap melayani,”* tegesipun kita kabereg satemah sadhar, sinaosa kita nggadhahi kalenggahan, minangka pemimpin, minangka manungsa, mliginipun minangka warganing brayat, sumangga kita nggadhahi

sikepipun abdi, ingkang mboten nengenaken sikep nuntut, nanging tansah sumadya nindakaken tugas tanggel jawabipun kanthi tulus ing manah. Wonten ing gesang bebrayan, sumangga tansah nggadhahi sikepipun abdi ingkang tansah lados-ingladosi warganing brayat, ingkang tansah ngladosi tiyang sanès. Menawi saben tiyang nindakaken sikep ingkang kados mekaten, temtunipun gesang kita ngremenaken, awit mboten wonten tiyang ingkang rumaos langkung saé, langkung aji, langkung sapiturutipun. Kanthi nindakaken mekaten, brayat mboten malih dados brayat ingkang namung nuntut para warganipun, nanging dados brayat ingkang ngremenaken, brayat ingkang nuwuhaken raos celak setunggal lan setunggalipun, lan temtunipun brayat ingkang tinangsulan ing tresna. Mendahipun brayat ingkang tasah kasinungan suwasana adhem tentrem lan kayoman karahayon. Gusti mberkahi kita. Amin

[nhw]

Khotbah

Minggu, 28 Oktober 2018

Waosan Kitab Suci

Waosan 1 : Yérémia 31:7-9

Tanggapan : Masmur 126

Waosan 2 : Ibrani 7:23-28

Waosan Injil: Markus 10:46-52

**NGRENGKUHI
INGKANG
RINGKIH**

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus. Nalika tanggal 14 Fèbruari 2014, panjenenganipun Paus Fransiskus maringi wejangan dhateng para calon pangantèn ingkang ngempal ing lapangan Basilica. Ungeling wejanganipun makaten, “Ora ana brayat kang sampurna, uga ora ana bojo lan pasangané kang sampurna. Lan aja tau rembugan bab biyung maratuwa kang sampurna. Kita iki manungsa dosa. Menawa kita sinau ngucapaké aku njaluk ngapura lan njaluk pangapura, neningkahan bakal lestari salawasé“. Wejanganing panjenenganipun Paus Fransiscus punika mbikak mripating batos kita sadaya supados nyawang kanthi jujur bilih gesang brayat ingkang kita lampahi sanès satunggaling gesang ing kasampurnan, datan sepen ing kekirangan lan karingkahan. Menawi makaten, punapa ingkang prelu katindakaken?

Prakawis wigatos ingkang prelu katindakaken sepisanan inggih punika anggènipun ngurmati (*mengapresiasi*) tuwin ngucap sokur awit gesang brayat. Anggènipun ngurmati gesangipun brayat mujudaken pambudidaya mirsani sedaya prakawis ing salebeting brayat kanthi kaca tingal positip. Wewatekan positip kawiwitan saking gesang kita piyambak. Garwa lan pasanganipun (*suami – isteri*), pirsanana sisihan panjenengan kanthi pamawas ingkang positip. Garwa lan pasanganipun sami-déné mboten wonten ingkang sampurna, leres! Kadosdéné pribadi kita mboten sampurna, makaten ugi

pasangan kita. Ngurmati dhateng pasangan ndadosaken kita ningali lan manggihaken bilih kekirangan kita dipun cekapi déning pasangan kita lan kosok-wangsulipun. Kadospundi menawi kekalihipun mboten saged sami-sami nyekapi kekiranganipun? Ing salebeting greget atur pakurmatan, pasangan badhé sesarengan madosi prekawis ingkang prayogi kanggé brayat. Kajawi anggènipun ngurmati brayat, kita kaberek kanggé ngucapaken sokur awit gesangipun brayat. Kathah brayat mlampah ngantos puluhan taun. Punapa brayat wau datan wonten kekirangan tuwin pakèwet ngantos saged mujudaken gesang sesarengan ngantos puluhan taun? Saben brayat temtu kagungan karibetanipun piyambak. Gesangipun brayat wau saged mlampah ngantos puluhan taun temtu amargi tiyang ingkang bebrayatan punika sinau saking saben lelampahaning gesang. Lampahing pasinaon punika nuwuhaken kadiwasan. Mila mboten wonten tembung sanès kajawi pangucap sokur dhumateng Gusti Allah bilih sesarengan kaliyan Panjenenganipun, brayat dipun sembadani ngraosaken lampahing gesangipun. Kajawi saking anggènipun ngurmati saha ngucapaken sokur tumrap pasanganipun, sumangga kita tindakaken prakawis punika dhateng anak-anak, tiyang sepuh, marasepuh, saha saisining griya kita.

Sadaya brayat nggadhahi karibetan piyambak-piyambak. mBoten wonten brayat ingkang sampurna. Anggènipun ngurmati tuwin ngucapaken sokur awit saking gesangipun brayat mujudaken satunggaling ihtiyar ngrengkuh sadaya prakawis ing salebeting brayat, kalebet ngrengkuh karingkhihaning brayat. Ngrengkuh, miturut tembungipun nggadhahi suraos ngrangkul (nyaketaken, nggayuh) utawi ngekep. Kanthi suraos makaten punika tembung ngrengkuh nggadhahi suraos kesanggemanipun satunggaling tiyang anggènipun nggèrèt tiyang sanès mlebet wonten ing rangkulanipun. Lumantar rangkulanipun, kawontenan anget, kawontenan sekéca dipun raosaken ngantos satunggaling tiyang ingkang wonten ing rangkulanipun rumaos dipun tampi, dipun mangertosi, dipun ajèni. Kanthi tembung sanès, ngrengkuh karingkhihan nggadhahi suraos memitran kaliyan

karingkihan supados lumantar tumindak ingkang makaten wau ndadosaken gesang langkung sumanak saha langkung saé.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus. Lumantar Kitab Suci kita sinau bab Gusti Allah anggènipun sumadhiya ngrengkuh karingkihan. Anggènipun Gusti Allah kersa ngrengkuh karingkihanipun manungsa punika karana katresnanipun Gusti Allah dhateng umat kagungan-Ipun. Gusti Allah ngandika dhateng bangsa Israèl, “..... Ingsun ngasihi sira klawan katresnan kang langgeng, mulané Ingsun nglestarèkaké sih-susetyaningSun marang sira. Ingsun bakal mbangun sira manèh, temah sira binangun, hé putri Israèl!” (Yérémia 31:3-4a). Katresnanipun Gusti Allah punika dipun antebaken malih kanthi nampèni sadaya tiyang. Saking pangandikanipun Gusti Allah punika ketinggal bilih bangsa Israèl ringkih sarta Gusti Allah mboten négakaken bangsa Israèl. Bangsa Israèl ingkang saweg dados tawanan punika badhé dipun bekta wangsul dhateng tanah prasetyan. Nabi Yérémia martosaken bilih Gusti Allah badhé mbekta kekarènipun bangsa Israèl, kalebet para tiyang wuta, lumpuh, dhateng Sion (Yérémia 31:6). Ancasipun Gusti Allah mbekta wangsul tiyang-tiyang punika dhateng Sion punika supados tiyang-tiyang punika wilujeng. Kanggénipun umat Israèl, kawilujengan peparangipun Gusti Allah punika ndhatengaken kabingahan, amargi umat Israèl dipun télakaken minangka putra-putranipun Gusti Allah. Lampahing pangluwaranipun umat Israèl punika kaserat ing kitab Yérémia 31:6-7. Ing ngriki prasetyaning pangluwaranipun Gusti Allah badhé kababar.

Wonten ing Injil kita ugi manggihaken greget ngrengkuh ingkah ringkih. Prakawis punika dipun télakaken déning Gusti Yésus nalika Panjenenganipun pinanggih kaliyan Bartiméus.

Ing Yérikho wonten tiyang pepriman/ngemis naminipun Bartiméus. Injil Markus maringi katrangan bilih Bartiméus punika anakipun Timéus. Bartiméus punika tiyang wuta,

saben dinten piyambakipun ndhéprok ing pinggir margi. Sinaosa Bartiméus mboten saged mirsani karana wuta, sajakipun Bartiméus sampun mireng bab Gusti Yésus dalah pakaryanipun. Prakawis punika kelampahan awit Bartiméus biyasa ndhéprok ing pinggir margi sarta mirengaken tiyang kathah sami ngrembak Gusti Yésus. Nalika Bartiméus mireng bilih Gusti Yésus tiyang Nasarèt badhé tindak nglangkungi margi ingkang padatan kanggé ngemis, piyambakipun mbengok, "Dhuh, Yésus, Putranipun Daud, mugé melasi kawula!" (Markus 10:47). Wonten ing Injil Markus, jejulukipun Gusti Yésus minangka Putranipun Daud namung kaping sepisan sarta prakawis punika dipun lairaken déning Bartiméus. Pambengokipun Bartiméus, "Dhuh, Yésus, '..... mugé melasi kawula!", mujudaken pasambatipun tiyang-tiyang sangsara ingkang sesambat dhumateng Gusti Allah kados ingkang pinanggih ing kitab Jabur Masmur (Masmur 4:1, 6:2, 41, 123:3). Pasambatipun Bartiméus pikantuk panacad saking tiyang kathah awujud panyaruwé. Sajakipun tiyang kathah wau rumaos keganggu déning Bartiméus. Kenging punapa tiyang-tiyang kathah punika rumaos keganggu? mBokbilih tiyang-tiyang wau rumaos keganggu déning aturipun Bartiméus bilih Gusti Yésus punika Putranipun Daud. mBokbilih ugi tiyang-tiyang wau rumaos keganggu amargi Bartiméus kaanggep mboten pantes manggihi Gusti Yésus krana Bartiméus padamelanipun ngemis ringkih. Saya kathah tiyang menging Bartiméus, sangsaya sora Bartiméus anggènipun sambat dhumateng Gusti Yésus. Ing salebeting karingkahanipun, Bartiméus nggadhahi iman sarta pangajeng-ajeng.

Watakipun Gusti Yésus bènten kaliyan watakipun tiyang kathah. Gusti Yésus tumut ngraosaken karibatanipun Bartiméus sarta ngersakaken supados Bartiméus dipun timbali supados pinanggih kaliyan Panjenenganipun. Salah satunggaling tiyang saking antawisipun tiyang kathah wau nimbali Bartiméus sarta dipun ngendikani makaten: "Diteteg atimu, ngadega, Panjenengané nimbali kowé." (Markus 10:49). Pangandikan ingkang makaten nedahaken bilih

Bartiméus kaanggep ringkih sarta ing salebeting karingkihanipun Bartiméus mboten badhé nggadhahi pangajeng-ajeng. Pangandikan ingkang makaten wau ugi kados awujud pasemon utawi *satiré* kanggé nyemoni Bartiméus ingkang ringkih punika. Gusti Yésus dados pangajeng-ajeng kanggénipun Bartiméus. Gusti Yésus ingkang pirsa dhateng imanipun Bartiméus ngandika, "Lungaa, pangandemu wus mitulungi kowé!" (Markus 10:52). Pangandikanipun Gusti Yésus punika nélakaken bilih iman mujudaken wangsulanipun Bartiméus saha ndayani Bartiméus saged sumerep. Wonten ing Injil Markus, kakiyataning iman dados pérangan wigatos wonten ing pakaryaning kaélokanipun Gusti Yésus (Markus 2:5-11, 5:30-34, 7:27-29, 9:21-24). Ing pungkasaning lelampahan punika dipun cariyosaken bilih Bartiméus ngucapaken sokur dhumateng Gusti Yésus kanthi cara ndhèrèkaken tindakipun Gusti Yésus.

Lelampahan anggènipun Bartiméus kasarasakan punika kelampahan kajawi amargi imanipun Bartiméus, ugi amargi sih-kawelasanipun Gusti Yésus. Watak sih-kawelasan-Ipun béda kaliyan watakipun para imam dalasan tiyang-tiyang Lèwi ing Yérikho. Gusti Yésus ugi nedahaken watak ingkang béda kaliyan tiyang-tiyang ingkang gemrudug lumampah sesarengan kaliyan Gusti Yésus tindak dhateng Yérusalem. Tiyang-tiyang wau nampik Bartiméus. Karingkihanipun Bartiméus dados jalaran panampikipun tiyang kathah dhateng Bartiméus. Panampikipun dhateng karingkihan ngendhek patrapipun damel pulih. Pangrengkuhing sihipun Gusti Yésus ndhatengaken pepulihan tuwin pangajeng-ajeng.

Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus. Ing panutupaning wulan brayat punika kita ngènget-ènget dhateng pakaryaning katresnanipun Allah ingkang ngrengkuh sadaya prakawis, kalebet ngrengkuh karingkihan. Kanthi pangrengkuhipun dhateng karingkihan, pepulihan mawujud. Saged kelampahan wekdal punika salah satunggaling péranganipun brayat kita ringkih karohanènipun. Saged

kelampahan ugi wonten ing antawisipun péranganing brayat ingkang ringkih raganipun utawi *disabilitas*. Utawi mbokmenawi ing antawisipun péranganing brayat kita ketaman karibedan ageng. Sadhèrèk-sadhèrèk punika kedah dipun rengkuh. Sadaya warganing brayat kasuwun nulad dhateng Gusti Yésus kanthi ngrengkuh ingkang ringkih. Wonten ing gesanging brayat kanthi sawernining pakèwetipun, tumindak ngrengkuh makaten kedah dipun cakaken déning sadaya warganing brayat.

Saking pundi anggèn kita miwiti? Saking katresnan ingkang tulus dhateng brayat. Kénging punapa katresnan? Awit katresnan mujudaken kakiyatan ingkang damel pulih ingkang saé piyambak. Prakawis punika kados ingkang dipun ngendikakaken déning Pdt. Em. Daud Adiprasetya ingkang ngracik cekakan (*akronim*) *KASIH* minangka: *Karena Allah Semua Indah Hasilnya*. Amin.

[wsn-den]

Wulan Brayat 2018

BAHAN TATA PANEMBAH



**Bahan ingkang
kacawisaken punika
saged dipun olah jumbuh
kaliyan kawontenan
piyambak-piyambak.**



Tata Panembah

Minggu, 7 Oktober 2018

Katrangan

PS : Palados Sabda

U : Umat

N : Narator (Palados
Cariyos)

P/D : Pinisepuh/Dhiaken

**NGRIMATI
MANUNGGALING
BRAYAT**

Pangibadah Minggu punika mujudaken pambukaning Wulan Brayat. Ing pangibadah punika badhé kaladosaken Sakramèn Bujana Suci. Lampahing paladosan Sakramèn Bujana Suci kasumanggakaken dhateng pasamuwan piyambak-piyambak, kalebet menawi ing pasamuwan kasebat sampun ngladosaken Sakramèn Bujana Suci kanggé para laré ingkang sampun nampi pratandha baptis..

I. PACAWISAN**Loncèng/gentha kapisan:**

- ◆ Donga konsistorium.
- ◆ Umat donga sacara pribadi.
- ◆ Pamaosing Pawartos Pasamuwan.

II. LITURGI MLEBET**1. Timbalan Ngibadah**

P/D : Kita badhé lumebet ing Wulan Brayat kanthi jejer ‘BRAYAT PANGASUNG PANGAJENG-AJENG’. Ing pangibadah Minggu kapisan punika, kita tinimbalan ngraos-raosaken jejering gesang kita ing satengahing brayat kanggé ngrimati manunggaling brayat.

U : **Dhuh Allah, / kawula sowan ing ngarsa Paduka / kanthi mbekta nyawa kawula / kanggé ngrimati manunggaling brayat.**

P/D : Roh Suci dedalem ing gesang kita, saha nyembadani kita nampèni timbalan Paduka kanggé dados rowang kang sembada tumrap warganing brayat kita.

U : **Kawula bikak manah \ tuwin budi kawula \ kanggé nampèni timbalan Paduka.**

P/D : Sumangga kita memuji ngluhuraken Asmanipun Gusti!

2. Kidung Pambuka [pasamuwan jumeneng]

(*Loncèng/gentha kaping kalih: umat ngidungaken KPJ 21:1-3*)

KPJ 21 PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

Do = A 3/4

Sesarengan

- 1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya
Haléluya! Haléluya!

Sesarengan

- 2) Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-rahmat,
Priya
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.

Wanita

Haléluya! Haléluya!

Priya

- 3) Allah Kang Mawilasa wus nylametken manungsa,
Wanita
slaminya pinuja, wah tansah pinundhia.

Sesarengan

Haléluya! Haléluya!

3. Votum lan Salam

- PS : Ibadah Minggu kapisan Wulan Brayat punika, kita sengker kanthi pangaken:
- U : **Gusti Allah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi,/punika etuking pitulungan kawula.**
- PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita tuwin Gusti Yésus Kristus, wontena ing panjenengan sadaya.
- U : **(aklamasi) Amin, amin, amin.**

4. Kidung Pamujining Umat [pasamuwan lenggah] (umat ngidungaken **KPJ 71:1-2**)

KPJ 71 DUK NYIPATI GUNG PAKARYANING GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Duk nyipati gung pakaryaning Gusti,
lintang abyor ing dalu kang sepi,
wah gumleger ing gludhug ing akasa,
kula ngungun gung ing kamulyanta.
Refrein: Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.
Nyawa kula gya sumyak sung puja,
Yekti Allah mahakwasa.
- 2) Lamun nlasak tengahing wana-wasa,
Sato peksi kekidungan ramya.
Wonten ngaré dalah ing ardi ugi,
gung gumelar sesawangan adi.
Refrein: Nyawa kula gya sumyak sung puja,
yekti Allah mahakwasa.
Nyawa kula gya sumyak sung puja,
Yekti Allah mahakwasa.

5. Pawartosing Sih-rahmat tuwin Kesanggemanipun Umat

N : Katresnanipun Allah dhateng jagad punika ageng sanget. Panjenenganipun nitahaken jagad kanthi sampurna. Sedaya saya sampurna amargi Panjenenganipun maringi tanggungjawab dhateng manungsa supados ngrimati kasampurnaning titahipun Gusti. Ananging, manah lan budinipun manungsa sampun dados reget déning hawa-nepsu saha ndadosaken risaking kasampurnaning titah. Para sedhèrèk, sumangga kita pulihaken kasampurnaning titahipun Gusti Allah punika kanthi miwiti ingkang prayogi saking pribadi kita piyambak-piyambak tuwin saking brayat kita piyambak-piyambak, amargi Gusti Allah sampun maringi kamulyan lan urmat dhateng saben manungsa ingkang purun mratobat.

U : **Dhuh Gusti Allah, saèstu kawula ngucap sokur awit saking ganjaran Paduka, saha Paduka apunten kawula ingkang kebak napsu kadonyan. Kawula badhé tumut mulihaken kasampurnaning titah Paduka sarta ngrimati kasampurnaning titah Paduka wau kanthi miwiti ingkang saé saking gesang pribadi kawula dalah brayat kawula.**

6. Kidung Kesanggeman

(umat ngidungaken **KPJ 123:1, 2**)

KPJ 123 KULA PITADOS MRING GUSTI

Do=E 4/4

- 1) Kula pitados mring Gusti peparang ingkang kekah.
 Saèstu kula ungsèni, dimèn rineksa tansah.
 Nadyan ombak nggegirisi, kula datan kuwatos.
 Prahara nguber jaladri, kula tatag ing batos.
 Reffr. : Kula tan was sumelang; Gusti tan nilar kula.

Wajib kawula cumadhang, gesang manut sabda-
Nya

- 2) Kula pitados mring Gusti, dalah sengkut makarya.
Ngrerancang wah mbudidaya, tan kendhat ing pandonga.
Siyaga tansah leladi ing sakatoging driya
Gusti ingkang minangkani, kula dados sembada.
Reffr. : Kula tan was sumelang; Gusti tan nilar kula.
Wajib kawula cumadhang, gesang manut sabda-
Nya

III. LITURGI SABDA

7. **Donga** (donga nampèni pangandika/sabda, katuntun déning Palados Sabda.)

8. Pamaosing Kitab Suci

Waosan I

Lektor : (maos **Purwaning Dumadi 2:18-24**)

Makaten Pangandikanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Masmur Tanggapan

Lektor : (maos **Mazmur 8** sacara gegantosan kaliyan umat)

Waosan II

Lektor : (maos **Ibrani 1:1-4; 2:5-12**)

Makaten Pangandikanipun Gusti!

U : **Puji sokur konjuk Gusti.**

Waosan Injil

PS : Tampènana Injilipun Gusti Yésus Kristus manut paseksinipun **Markus 10:2-16**.

(sasampunipun maos) Ingkang rahayu inggih punika sadaya tiyang ingkang mirengaken sabdanipun

Gusti saha nindakaken ing gesang padintenan.
Haléluya!
U : (aklamasi) **Haléluya (3x), Amin! Haléluya (3x) Amin!**

9. Khotbah

10. Wekdal Ening

11. Pangaken Pitados Rasuli [umat jumeneng]

(Katuntun déning salah satunggaling Pinisepuh/
Dhiaken.)

12. Donga Syafaat [umat lenggah]

(Katuntun déning Palados Sabda).

IV. LITURGI MEJA

*Pérangan ngandhap punika, sesambetan kaliyan paladosan Bujana Suci, wonten 2 (kalih) pilihan. **Pilihan kapisan**, liturgi bujana suci **namung kanggé warga diwasa, para laré ingkang sampun nampi pratandha baptis dèrèng pareng ndhèrèk bujana suci. Pilihan kaping kalih**, liturgi bujana suci ingkang **marengaken para laré ingkang sampun kabaptis ndhèrèk bujana suci, ngginakaken modhèl Liturgi Lima.***

-----*pilihan kapisan*-----

13. Paladosan Sakramèn Bujana Suci

a. Pamaosing Pratélan Sakramèn Bujana Suci

b. Marek dhateng Méjaning Bujana Suci

(Umat ngidungken **KPJ 311:2**)

KPJ 311 PANGÉRAN KANG MAWILASA

- 2) Bujana suci kang nggugah rumaosé pra kanca
Iba kawlasané Allah mring kula wah tyang kathah;
duk masrahken Kang Putra amrih kraharjan kula.

c. Paladosan Roti

(Umat ngidungaken **KPJ 311:3**)

KPJ 311 PANGÉRAN KANG MAWILASA

Do=D 4/4

- 3) Roti kang cinuwil-cuwil sarta sami dèn tedha,
yèku salirané Gusti, semana piningaken
maédahi pra skabat miwah tiyang sajagad.

d. Pelayanan Anggur

(umat ngidungaken **KPJ 311:4**)

KPJ 311 PANGÉRAN KANG MAWILASA

Do=D 4/4

- 4) Tuwung kang sami dèn ombé ibarat rahé Gusti
rahing prajanjian anyar, semana winutahaken
dados lantaranira pangapuntening dosa.

e. Donga Sokur

f. Pisungsung sokur bujana suci

(umat ngidungaken **KPJ 181:1-3**)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur paringing pakarya, nadyan badamba ringkih;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;
sokur méga angantariksa, miwah surya ndhadhari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
 sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
 Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
 sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

14. **Pisungsung**

P/D: Sumangga kita ngucapaken sokur awit saking kamirahanipun Gusti Allah lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken Pangandikanipun Gusti makaten: “Kang iku para Sadulur, marga saka sih-kamirahané Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip, kang suci lan kang dadi keparengé Allah: Iya kang mangkono iku pangibadahmu kang sejati.” (Roma 12:1).

15. **Kidung Pisungsung**

(Umat ngidungaken **KPJ 184**)

KPJ 184 SOKUR AKANTHI TULUS

Do=A 4/4

- 1) Sokur akanthi tulus. Sokur Kang Mahasuci.
 Sokur rahmat kang agung, Panebus kita.
 Sokur akanthi tulus. Sokur Kang Mahasuci
 Sokur rahmat kang agung, Panebus kita
 Mangkya kang ringkih dadya rosa;
 kang miskin dadya sugih.
 Sihé Gusti dadya nyata, yekti.
 Mangkya kang ringkih dadya rosa;
 kang miskin dadya sugih.
 Sihé Gusti dadya nyata, sokur.

16. **Donga Pisungsung/Secreta [umat jumeneng]**

(Katuntun déning P/D).

-----*pilihan kaping kalih*-----

13. Pisungsung

P/D : Sumangga kita ngaturaken pamuji sokur awit saking Sih-kamirahanipun Allah lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken sesarengan. Pangandikanipun Gusti makaten: “Kang iku para Sadulur, marga saka sih-kamirahané Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip, kang suci lan kang dadi keparengé Allah: Iya kang mangkono iku pangibadahmu kang sejati.” (Roma 12:1).

14. Kidung Pisungsung

(umat ngidungaken **KPJ 181:1-3**)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur paringing pakarya, nadyan badamba ringkih;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;
sokur méga angantariksa, miwah surya ndhadhari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

15. Donga Pisungsung/*Secreta*

(Katuntun déning P/D)

16. Paladosan Sakramèn Bujana Suci

a. Pacawisan

PS : Wekdal punika kita sesarengan ngriyayakaken Bujana Suci. Gusti Yésus piyambak ingkang netepaken tuwin nimbali kita supados kita nindakaken bujana suci. Ing bujana suci punika, para laré ugi kauleman ndhèrèk nampèni bujana suci. Sinau saking Gusti Yésus ingkang ngandika, "Cikbèn bocah-bocah iku, aja kokalang-alangi anggoné padha marek ing ngarsaku, sabab Kratoning Swarga iku duwèké wong-wong kang kaya mangkono iku." (Matius 19:14). Sumangga kita ajak para laré kanggé nampèni ganjaranipun Allah!

Pinujia Gusti Allah ingkang sampun maringi kita roti punika lumantar pamedaling bumi sarta pakaryanipun manungsa, kajengipun dados rotining gesang.

U : **Pinujia Gusti Allah/samangké dumugi ing salami-laminipun.**

PS : Pinujia Gusti Allah ingkang sampun maringi anggur punika lumantar pamedaling bumi sarta pakaryanipun manungsa, kersanipun dados anggur ingkang langgeng wonten ing karaton Paduka.

U : **Pinujia Gusti Allah/samangké dumugi ing salami-laminipun.**

PS : Pinujia Gusti Allah ingkang sampun maringi anggur punika lumantar pamedaling bumi sarta pakaryanipun manungsa, kersanipun dados anggur ingkang langgeng wonten ing karaton Paduka. PS : Las-lasaning pantun ingkang sumebar sarta who-wohaning anggur ingkang sumebar sampun makempal ing sanginggiling méja punika, minangka roti tuwin anggur. Kersanipun sadaya pasamuwan Paduka ugi manunggil dados patunggilan satunggal ing jagad punika kanggé mahargya karaton Paduka.

U : **Pinujia Gusti Allah/samangké dumugi ing salami-laminipun.**

b. Ngeneraken Manah

PS : Sumangga kita ngeneraken manah kita dhumateng Gusti Allah.

U : **Kawula ngeneraken manah/dhumateng Gusti Allah.**

c. Prefasi (Purwaka) lan Donga Sanctus-Benedictus

PS : Kawula sowan ngluhuraken Allah saha mbekta pangucap sokur kawula. Kanthi pangandika, Paduka sampun nitahaken samukawis sadaya kanthi prayogi. Paduka nitahaken manungsa minangka gambar pasemon Paduka kanggé nélakaken kamulyan Paduka. Paduka maringaken Sang Kristus minangka margining kaleresan lan gesang, ingkang karsa nampèni baptisan tuwin kasucèn minangka abdi Paduka kanggé martosaken kabar kabingahan dhateng ingkang ringkih. Wonten ing bujana ingkang sampun dipun warisaken Sang Kristus punika, sumangga kita ngènget-ènget séda tuwin wungunipun Sang Kristus, sarta mahargya karawuhan-Ipun minangka roti tuwin anggur. Sesarengan kaliyan tiyang pitados, kawula ngluhuraken Asma Paduka.

U : **Suci,/suci,/kasucèkna Paduka dhuh Allah.**

d. Epiklése 1

PS : Kasucèkna Paduka dhuh Allah, dalasan sadaya kamulyan konjuk ing Asma-Paduka. Lumantar bujana punika, kawula Paduka berkahi, saha Roh Suci Paduka sokaken dhateng ing telenging manah kawula. Mugi roti tuwin anggur punika dados lambanging sarira tuwin rah Paduka.

U : **Pinujia Sang Roh Suci.**

e. Teteplaning Bujana

PS : Kita ngucapaken sokur tuwin ngyakini bilih Sang Roh Suci sampun katedhakaken dhateng kita, ngantos kanthi iman, kita ngalami rawuhipun Sang Kristus sesarengan kita ing ngriki. Sang Kristus ing dalu ndungkap kaulungaken, mundhut roti, sasampunipun saos sokur, nyuwil-nyuwil roti wau saha maringaken roti punika dhateng para sakabat tuwin ngandika: “Padha tampanana, panganen, iki badanku.” Iki tindakna minangka pangéling-éling marang Aku. Sasampunipun punika, Panjenenganipun mundhut tuwung, saos sokur, lajeng maringaken tuwung wau dhateng para sakabatipun, pangandikanipun: “Padha ngombéa kabèh saka ing tuwung iki. Sabab iki getihku, getihing prajanjian anyar kang kawutahaké kanggo wong akèh, murih apuraning dosa.” Iki tindakna minangka pangéling-éling marang Aku.

U : **Sédanipun Sang Kristus kawula wartosaken, / wungunipun Sang Kristus kawula luhuraken, / rawuh Paduka kawula antos-antos.**

f. Pangènget-ènget dhateng Sang Kristus

PS : Dinten punika kita mahargya pangènget-ènget dhateng tebusan peparing Paduka dhuh Allah. Kita tinimbangan supados ngènget-ènget malih dhateng wiyosan saha sugengipun Sang Kristus, anggènipun kabaptis, anggènipun nindakaken bujana pungkasan, sédan-Ipun, lan anggènipun tumedhak dhateng teleng palimengan pati, wungu sarta sumengkan-Ipun ingkang kebak ing kaluhuran. Kita nyrantos rawuh-Ipun malih. Minangka patunggilan ing Sang Kristus, kita ngènget-ènget pangurbananipun Sang Kristus ingkang milujengaken sarta ingkang dipun paringaken dhateng sadaya umat manungsa.

U : **Pinujia Gusti Allah/samangké dumugi ing salami-laminipun.**

g. Epiklése 2

PS : Bujana suci punika sampun kaparingaken déning Gusti dhateng pasamuwan kadosdéné Paduka maringaken Putra Paduka minangka margining kawilujengan. Nalika kawula ndhèrèk lan nunggil ing sarira tuwin rahipun Sang Kristus, Paduka kebaki kawula kanthi Roh Suci, supados katunggilaken kaliyan Sang Kristus dados setunggal badan saha setunggal roh, dados pisungsung ingkang gesang kagem Gusti Allah.

U : **Pinujia Sang Roh Suci!**

h. Timbalan Pangènget-ènget

PS : Dhuh Allah, Paduka émuti pasamuwan Paduka ingkang satunggal, suci, sarta rasuli ingkang sampun Padula tebus lumantar rahipun Sang Kristus. Paduka babar manunggaling pasamuwan Paduka, Paduka reksa imanipun sarta keparenga katentreman tansah mengku pasamuwan Paduka. Mugi Paduka ugi ngèngeti sadhèrèk-sadhèrèk kawula ingkang sampun tilar donya wonten ing Sang Kristus sesarengan kaliyan para rasul, para martir, tuwin patunggilanipun para suci. Sesarengan kaliyan sadaya wau, kawula ulukaken pepujèn sarta nyrantos kabingahaning Karaton Paduka sesarengan kaliyan sadaya titah, ingkang sampun kaluwaran saking dosa tuwin pati, kawula badhé ngluhuraken Paduka lumantar Sang Kristus Gusti kawula.

U : **Pinujia Gusti Allah/samangké dumugi ing salami-laminipun!**

i. Bundhelan (Konklusi)

PS : Lumantar Sang Kristus, kanthi Sang Kristus, sarta ing Sang Kristus, sawernining urmat sarta

kaluhuran kagama ing Allah Sang Rama, ing patunggilanipun Sang Roh Suci, samangké dumugi ing salami-laminipun.

U : **Amin.**

j. Donga Rama Kawula

PS : Minangka putra-putranipun Allah ingkang sampun katunggilaken wonten ing tunggal baptisan, tunggal Roh Suci sarta tunggal sariranipun Sang Kristus, kawula ndedonga.....

U : **Dhuh, Rama kawula ingkang wonten ing swarga**

k. Salam Katentreman

PS : Dhuh Gusti Yésus Kristus, Paduka sampun nélakaken dhateng para rasul bilih Paduka sampun maringaken tentrem rahayu ingkang pinangkanipun saking Gusti Allah. Mugi Paduka mboten mirsani dhateng dosa-dosa kawula, ananging mirsani iman pasamuwan Paduka. Supados katentreman peparing Paduka tansah kawula raosaken sarta nuntun kawula dhateng patunggilan ingkang sampurna ing Kraton Paduka kanggé salami-laminipun.

U : **Amin.**

PS : Tentrem-rahayu saking Allah nunggila ing panjenengan,

U : **Ugi nunggila ing panjenengan.**

PS : Sumangga kita sami sapa aruh, sami anampèni, sarta sami ngapunteni kanthi jawat asta minangka pratandhaning bedhamèn kaliyan sesami.

(umat jawat asta kanthi ngucapaken “**Tentrem-rahayu saking Allah nunggila ing panjenengan**”)

l. Marek dhateng Méjaning Bujana Suci

(Umat ngidungken **KPJ 311:2**)

KPJ 311 PANGÉRAN KANG MAWILASA

Do=D 4/4

- 2) Bujana suci kang nggugah rumaosé pra kanca
Iba kawlasané Allah mring kula wah tyang kathah;
duk masrahken Kang Putra amrih kraharjan kula.

m. Paladosan Roti

(Umat ngidungaken **KPJ 311:3**)

KPJ 311 PANGÉRAN KANG MAWILASA

Do=D 4/4

- 3) Roti kang cinuwil-cuwil sarta sami dèn tedha,
yèku salirané Gusti, semana pinaringaken
maédahi pra skabat miwah tiyang sajagad.

n. Paladosan Anggur

(umat ngidungaken **KPJ 311:4**)

KPJ 311 PANGÉRAN KANG MAWILASA

Do=D 4/4

- 4) Tuwung kang sami dèn ombé ibarat rahé Gusti
rahing prajanjian anyar, semana winutahaken
dados lantaranira pangapuntening dosa.

o. Donga Sokur

PS : Ing salebeting kawontenan tentrem, sepen ing
pasulayan, sumangga kita ndedonga dhumateng
Gusti Allah:

Dhuh Allah, kawula ngaturaken panuwun déné
kawula Paduka parengaken nunggil baptisan ing
sariranipun Sang Kristus sarta kapenuhan
kabingahan lumantar Bujana Suci. Kawula
Paduka paringi katetepan tuwin enering gesang
kanggé nyipati manunggiling pasamuwan
Paduka, sarta Paduka pitulungi kawula kanggé
ngajèni dhateng pangapuraning dosa peparang
Paduka. Sapunika kawula sampun ngraosaken

bujana ingkang sampun Paduka cawisaken kanggé kawula ing jagad punika, supados ing satunggaling wekdal kawula saged sesarengan wonten ing dalem Paduka ingkang langgeng, lumantar Gusti Yésus Kristus, Putra Paduka, Gusti kawula, ing patunggilanipun Sang Suci.

U : **Amin.**

V. LITURGI PANGUTUSAN

17. Kidung Pangutusan [umat jumeneng]

(Umat ngidungaken **KPJ 326:1, 2**)

KPJ 326 PUNIKA BRAYAT KULA

Do=D 4/4

- 1) Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangeni.
Sinten dados tanggulan? Namung Pangéran pribadi.
Refrein : Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.
- 2) Saiba éndahira, tyang-sepuh dadya tuladha,
saguning para putra sami nulad pakartinya.
Refrein : Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.

18. Berkah

PS : Mengkera saking papan pangibadah punika. Kacawisna manah kanggé mapag gesang peparipipun Gusti, kanthi ngrimati manunggaling brayat. Tampènana berkahipun Gusti:

“Tentrem-rahayu kang saka ing Allah, kang ngungkuli saliring budi, bakal rumeksa marang ati lan pangangen-angenmu ana ing Kristus Yésus.” (Filipi 4:7)

U : **Amin.**

19. Kidung Panutupan Ibadah

(Umat ngidungaken **KPJ 326:3, 4**)

KPJ 326 PUNIKA BRAYAT KULA

Do=D 4/4

- 3) Nalika nandhang sisah, kula sadaya ndedonga;
kala ngraosken bingah, saos sokur kang sumengka.
Refrein : Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.
- 4) Sagriya angudia dadya brayat kang rumantya,
ngantos dados panutan, tumrapping brayat sembada.
Refrein : Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.

[aksk-den]

Tata Panembah

Minggu, 14 Oktober 2018

Katrangan

PP : Palados Pangandika

U : Umat

L : Lektor

M : Pradata/Majelis

**BRAYAT INKGANG
MBEKTA
KAADILAN****PRA KEBAKTIAN**

Bel kaungelaken: *M1 lumebet ing ruang kebaktian maosaken pawartos pasamuwan saksampunipun rampung, ngajak pasamuwan ndedonga lan samekta dhiri ing wekdal ening. (M1 tetep wonten ing ruang kebaktian)*

KEBAKTIAN

M1: *Samangké kita sami nggegilut sabda Suci, mliginipun ing jejor “BRAYAT INKGANG MBEKTA KAADILAN”. Sumangga tansah sinau mboten namung mentingaken endahing tembung lan lantiping pikir anggenipun nata ukara ing bab kaadilan, nanging ngupadi perangan utami ngrangkul kaadilan malah mbekta ing salebeting lampah gesang, inggih punika tumindak nyata ingkang sakged karaosaken tumraping liyan. Mangga kawiwitan saking komunitas ingkang paling alit piyambak: brayat.*

Pasamuwan katuran jumeneng, kita ngrepekaken KPK...

*M1 nyumet lilin pangibadah, ing pujian pada kaping 2
Imam (M2) lan Palados Pangibadah saha pradata mlebet
ing ruang ibadah.*

A. VOTUM (*Pasamuwan Jumeneng*)

PF : Sumangga pangibadah minggu punika sami kita
sengker kanthi pangaken; Pitulungan kita punika
pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken
langit lan bumi, ingkang tansa setya paring
katresnan dhumateng kita para umat kagunganipun.

J : AMIN

PF : Pletheking pepadang wus sumunar madhang para
wong kang pada pracaya lan kabungahan tumrah
marang wong kang tulus atine

J : AMIN

PF : Pada ngabektia marang Gusti Allah kalawan bungah-
bungah sarta mareka kanthi asurak rame. AMIN

J : 1 . 2 3 | 4 . 3 . | 2 . 1 . |

A - min. A - min.

4 . 2 . | 1 . . . ||

A - min

B. SALAM

PF : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah
Rama kita lan Gusti Yésus Kristus mugi wontena ing
panjenengan (kita) sadaya.

J : *Wiwit samangké dumugi wekasaning jaman.*

C. PEMBUKA (*Pasamuwan Lenggah*)

PF : Kaadilan punika kagunganipun Gusti. Lan kita sami
katimbangan supados ngrangkul kaadilan punika, man
mbekta ing pundi-pundi papan ingkang ateges
kawartosaken lan katindaaken ing salebeting gesang.
Tansah nyenyuwun wonten ngarsanipun Gusti
supados nganthi lan ndunungaken dados bab
ingkang utami.

Brayat punika minangka papan lan fungsi nyata ingkang mujudaken kaadilan tumrap sadaya tiyang. Wonten ing pandununganipun Gusti sumangga kita lumampah ing gesang ingkang adil.

PS ngajak pasamuwan ngidung

D. LAGU PEMBUKA

J : Menyanyikan KPK 60:1-2 ALLAH PANGÈN KULA

1. Allah yèku pangèn kula kang gung sih tresnanya
Kula tansah rinimatan srana gung kadarman.
2. Kula tansah dèn ayomi mila ayem yekti
tinuntun ing margi adi wit asmaning Gusti.

PENGAKENING DOSA

M2 : Gusti Allah ingkang nimbali kita murih kita pikantuk rahayu punika; Gusti sumbering katresnan. Panjenenganipun ngersakaken supados kita tansah gesang ing salebeting katresnan, kados pangandika: *“Sira tresnaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhé lan luhur dhéwé. Déné angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé. Kabèh isining Torèt lan kitabé para nabi iku gumantung ing angger-angger loro mau”*.

M2: Ing salebeting suasana ening, sumangga kita sami ndedonga nglengganani sadaya kalepatan lan dosa-dosa kita

..... suasana hening.....

M2: ”.... *Dhuh Allah, mugi kersa miyarsakaken atur kawula, mugi Paduka gatosaken pesambat kawula. Dhuh Ratu kawula lan Allah kawula, panjerit kawula nyuwun tulung mugi Paduka èngeti, margi namung Paduka piyambak ingkang kawula sambati.” AMIN*

Tanpa diajak, pasamuwan ngidung

KIDUNG PANELANGSA

J : Ngidungaken KPK 50:1-2 KULA KEDUWUNG

1. Saèstu keduwung kula déné kirang setya
dhinawuhan kinèn tresna dhateng Allah wah
sami,
nging tan ana buk ti adhuh Gusti nyuwun suci.
2. Saèstu keduwung kula dé gesang mung nglaha,
kèlu pangwasaning dosa mung nguja sengseming
driya,
lampah tan prayogi, adhuh Gusti nyuwun suci.

E. PAWARTOS SIH RAHMAT (*Pasamuwan Jumeneng*)

P : Sumangga sami nampi Pawartos Sih Rahmat ingkang kapethik saking 1 Yohanes 4:10-11; “Katresnan iku mangkéné: Dudu kita kang wus padha tresna marang Gusti Allah, nanging Gusti Allah kang wus nresnani kita lan wus ngutus Kang Putra minangka pangruwating dosa kita. Hé, para kekasih, sarèhné nganti samono anggoné Gusti Allah ngasihi marang kita, dadiné kita iki iya padha kawajiban tresna-tinresnan.”

P : Makaten wiraosing pangandika Sih Rahmat

J : Pinujia asmanipun Gusti

Tanpa diajak, pasamuwan ngidung

KIDUNG KESANGGEMAN

KPK 79:1-2 PRACAYA LAN PASRAHA

1. Pracaya lan pasraha mring Allah Ma kwasa,
Gunging prihatinira ginantosan begja,
yekti pilihining margi Pangéran mberkahi,
lan sira kaèraman wit gunging kadarman.

2. Lamun sira nggresula yekti tanpa guna,
ati kabidhung susah pepeteng sumrambah,
ngètunga gunging berkah sarta mukjijadnya,
dalah prakara lumrah dadya marginira.

F. PELADOSAN PANGANDIKA (*Pasamuwan Lenggah*)

a. *P* : *Pasamuwan ingkang binerkahan tresna asih saking Gusti, Sabda Suci kang kawedhar punika minangka wujud katresnan lan pitedah gesang ingkang enggal. Sumangga sami nyenyuwun panuntunipun sang Roh Suci, supados Sabda punika saged kalairaken ing tumindak nyata.*

a. *U* : *ngidungaken KJ 59 (terjemahan Jawi)*

3 3 3 3 5 5 |

Gusti paring sabda, kula nilingaken

Gusti paring sabda, kula nilingaken

- **Waosan I**

L : Amos 5:6-7, 10-15 (*Maosaken teks*)

“Makaten Sabda Dalem Gusti.”

U : PINUJI ASMANIPUN GUSTI.

- **Tanggapan**

M3 : Mazmur 90:12-17

(*Kanthi sesautan*)

- **Bacaan II**

L : Ibrani 4:12-16 (*Maosaken teks*)

“Makaten Sabda Dalem Gusti.”

U : PINUJI ASMANIPUN GUSTI.

- **Waosan Injil**

PF : Pamaosing Injilipun Sang Kristus miturut paseksinipun Markus 10:17-31 (*maosaken Injil, kalajengaken kanthi pangucap....*) “Kados makaten sabda pangandikanipun Gusti, ingkang rahyu nggih punika saben tiyang ingkang mireng saha nglampahi ing gesangipun. Maranatha)

J :
do=F 3/4
5̣ . 5̣ | 5̣ 5̣ 5̣ . 5̣ | 1̣ 1̣ 1̣ . 1̣ | 2̣ 1̣ 2̣ | 3̣ .
Ha- lé - lu - ya Ha- lé- lu- ya Ha- lé- lu - ya A - min
6̣ . 6̣ | 5̣ 3̣ 5̣ . 5̣ | 4̣ 2̣ 4̣ . 4̣ | 3̣ 2̣ 7̣ | 1̣ . ||
Ha- lé - lu - ya Ha- lé- lu- ya A - min A - min

b. *KHOTBAH*

c. *Wekdal ening, katutup pandonga syukur*

G. Pisungsung

M3 : Para sadhèrèk, agung lan lubèr berkahipun Gusti Allah ingkang kita tampi. Samangké kita kaparingan wewengan sampun mratélakaken raos sokur lumantar atur pisungsung ingkang sampun kita cawisaken saking griya piyambak-piyambak. Sadèrèngipun ngaturaken pisungsung, sumangga kita talesi kanthi pangandika **“Pangéran Yehuwah luhurna kalawan bandhamu lan srana kawitaning sakèhé pametumu” Wulang Bebasan 3:9**

J : KPK 185:1-3 PISUNGSUNG KONJUK MRING ALLAH

1. Konjuk mring Kang Maha agung kawula sung pisungsung cihnaning bingahing rnanah wit berkahing Allah sumengka wah sinengkera lan temen rineksa dadya srana mumpangati mrih kamulyaning Gusti.
2. Konjuk Allah kang Maluhur kawula saos sokur, kebabaring raos urmat wit tansah rinimat,

dalah gesang kula mugè kagem déning Gusti,
dadya lantaraning berkah tumraha miring tyang kathah

3. Konjuk ing ngarsaning Allah kawula sung panrimah,
tandha ajrih asih kula wit gung sih rahmatnya,
mugi Gusti nggih karenan temah binerkahan
dadya margi Kratoning Allah binabar neng bumi

H. PANDONGA PASAMUWAN (PISUNGSUNG LAN SYAFAAT déning Pengkhotbah)

Pokok-pokok pandonga:

1. *Pisungsung*
2. *Bangsa lan Negari*
3. *Wulan Brayat*
4. *Pasamuwan*
5. *Katutup Donga Rama Kawula*

**Dhuh, Rama kawula ingkang wonten ing swarga,
Asma Paduka mugè kasucekaken, kraton Paduka
mugi rawuh**

**Karsa Paduka mugè kalampahan wonten ing bumi
kadosdéné wonten ing swarga**

**Kawula mugè kaparingan rejeki kawula sakcekapipun
ing dinten punika**

**Saha Paduka mugè ngapunten kalepatan kawula,
kadosdéné kawula inggih ngapunten ing tetiyang
ingkang kalepatan dhateng kawula.**

**Punapa déné kawula mugè sampun ngantos
katandukaken dhateng ing panggodha,
nanging mugè sami Paduka uwalaken saking piawon.**

**Awitdéné Paduka ingkang kagungan kraton
saha wisesa tuwin kamulyan salami-laminipun.**

I. PENGAKEN IMAN RASULI

M2 : Sumangga kita sesarengan nélakaken pangaken iman rasuli ingkang makaten:

**Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang
Mahakawasa
ingkang nitahaken langit kaliyan bumi
Inggihi pitados dhateng Yésus Kristus ingkang putra
ontang-anting, Gusti kawula
Ingkang kabobotaken déning Roh Suci, miyos saking
prawan Maryam
Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun
Pontius Pilatus kasalib, nglampahi seda lajeng
kasarèkaken, tumedhak ing teleng palimengan
Ing tigang dintenipun wungu malih saking
antawisipun tiyang pejah lajeng sumengka dhateng
ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah
Sang Rama ingkang Mahakawasa
Saking ngriku inggihi badhe rawuhipun ngadili tiyang
ingkang gesang
kaliyan ingkang pejah
Kawula pitados dhateng Roh Suci
Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen
satunggal ingkang suci sarta wradin, inggihi
patunggilanipun para suci
Punapa déné pangapuntening dosa
Tanginipun raga
Sarta gesang langgeng.**

J. PENGUTUSAN DAN BERKAT

PF : Sumangga, kita sami mundur kanthi mbekta tentrem rahayu saking Gusti Allah, awit sih katresnanipun ingkang ageng, ingkang tumrah dhateng kita.

J : Pinujia Asmanipun Gusti Allah

PF : Mugi panjenengan sadaya (kita) dadosa
 paseksinipun, amargi kita sampun kaladosan
 kanthi lelabetanipun Sang Mesih ing kajeng salib.
 J : Pinujia Asmanipun Gusti Allah
 P : Wiwit Samangké dumugi ing wekasaning jaman
 P+J : Amin
 PF : Sumangga sami nampi berkahipun Gusti. SIH
 RAHMATIPUN GUSTI YÉSUS SAHA SIHIPUN
 GUSTI ALLAH TUWIN PATUNGGILANIPUN
 SANG ROH SUCI WONTEN ING PARA
 SADHÈRÈK (KITA) SADAYA

Tanpa diajak, pasamuwan ngidung

K. PUJIAN PENUTUP

KPK 343:1-2 PUNANING PANGABEKTI

1. Pinujia nggih Allah Sang Rama
 wah Sang Putra lan Roh Suci
 purna pangabekti aneng gréja
 ngrasuk gesang saben ari
 Reff :
 payo nindakna kang trusing ati
 sabdaning Gusti Sung gesang yekti
 sinartan déning berkahing Gusti
 sung sih rahmat mring sesami.
2. Pangabekti sestu pangibadah
 lamun Gusti kang den sembah
 kraharjaning pepadha den udi
 jagad ramya tentrem yekti
 Reff :
 payo nindakna kang trusing ati
 sabdaning Gusti Sung gesang yekti
 sinartan déning berkahing Gusti
 sung sih rahmat mring sesami.

[shs]

Tata Panembah

Minggu, 21 Oktober 2018

Keterangan

PS : Palados Sabda
 U : Umat
 L : Lèktor
 P/D : Pinisepuh/Dhiaken

BRAYAT INGKANG NGLADOSI

**PACAWISAN**

- *Donga pacawisan ngibadah.*
- *Panyumeting lilin ibadah.*
- *Pamaosing pokok-pokok Pawartos Pasamuwan.*
- *Wekdal ening pribadi kagem umat.*

MAKEMPAL

P/D : Hé brayatipun Allah, sumangga kita sowan saha saos sokur dhumateng Panjenenganipun awit saking berkahing sih-katresnan tuwin kakiyatan dhateng brayat kita. Awit saking berkahing sih-katresnan saha kakiyatan saking Gusti, kita dipun sembadani dados utusanipun Gusti kanggé ngladosi sesami murih kaluhuraning Asmanipun Gusti. Sumangga Panjenenganipun kita puji!

U : **Haléluya! Panjenenganipun Gusti Allah kita!**

P/D : Kanthi kebak ing kabingahan, sumangga kita sowan ngibadah dhumateng Gusti.

- *umat jumeneng lan ngidungaken **KPJ 31:1, 2***

KPJ 31 SWAWI PRA SUCI NYAWIJI

Do=C 4/4

Sesarengan

- 1) Swawi pra suci nyawiji tunggal ati
sami ngabekti memuji mring Gusti.
Ajrih, sumelang, sedhih, lan kasangsaran
ginantos kabegjan sih-ing Pangéran.

- *Salebetipun pasamuwan ngidungaken **KPJ 31:1**,
Pradataning Pasamuwan dalah Pelados Sabda lumebet
dhateng dalem pamujan (papan pangibadah).*

Wanita

- 2) Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbèngrat,
ngétang mukjijat lan gunging sih-rahmat.

Priya

Lubering berkah sing swargi tansah tumrah,
nyantosakken manah, nyirnakken semplah.

Sesarengan

- 3) Di tansah ndedonga pasrah mring Sang Rama,
miwah rumantya nglawan mring panggodha.
Amrih saliring tyang kang samya nyipati,
dadya kapranan sami ndhèrèk Gusti.

VOTUM

PS : Ibadah Minggu kaping tiga Wulan Brayat punika
lumampah ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang
Putra, tuwin Sang Roh Suci.

U : (*ngidungaken*) **Amin, amin, amin.**

SALAM

PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama
kita tuwin saking Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing
panjenengan sadaya!

U : **Nunggila ing panjenengan ugi.**

▪ *Umat lenggah*

ATUR PAMBUKA

P/D : Brayat, mujudaken ganjaranipun Allah ingkang adi. Ing salebeting brayat, kita saged sinau bab punapa kémawon, awit brayat mujudaken papan wiwitan satunggaling tiyang saged sinau tuwin dipun sangoni kanggé gesangipun. Jejering ibadah dinten punika “Brayat ingkang Ngladosi”. Lumantar ibadah punika umat sinau kanggé nggesangi paladosan, dadosa paladosan ing salebeting brayat punapadéné paladosan kanggé sesami.

▪ *Umat ngidungaken **KPJ 321:1-3***

KPJ 321 KULAWARGA KANG RAHAYU

Do=A 9/8

- 1) Kulawarga kang rahayu, lamun Gusti angayomi
srana tresna kang satuhu, tansah nuntun wah nganthi.
Refrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.
- 2) Anèng donya kèh dalannya, endi kang bakal ingambah.
Dalan bener mung sajuga, yéku margining Allah
Refrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.
- 3) Kulawarga tetep panggah, lamun Gusti kang ngayomi;
jroning susah dalah bungah, datan pegat ngrimati.
Refrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

PANGAKEN DOSA

P/D : Sumangga kita ndedonga.

Kadya baita lelayaran ing samodra, makaten ugi jiyarahing gesangipun brayat. Ing salebetipun lelayaran ing samodra, mboten salaminipun mrangguli antenging samodra, ananging ugi wonten wekdalipun ketaman ing praharaning gesang.

U : **Sanadyan ing praharaning gesang kawula, dados panggigat ingkang ngakimi sesami kawula, langkung-langkung dhateng brayat kawula.**

P/D : Raosing manah kepéngin langkung dipun ajèni, langkung dipun utamakaken, langkung dipun gatosaken, langkung nguwaosi raosing manah kepéngin nresnani.

U : **Kawula mugi Paduka welasi dhuh Allah**

P/D : Gusti, Paduka mugi karsa ngapunten kekirangan kawula ingkang dèrèng saged nresnani Gusti lan sesami. Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus, kawula ndedonga. Amin.

▪ *Umat ngidungaken **KPJ 51:1, 4***

KPJ 51 GUSTI MUGI MIRSANI

Do=F 6/4

- 1) Gusti mugi mirsani nggèn kula kasrakatan.
Kula mlajeng mring pundi, namung dhateng Pangéran.
Nyuwun tulung, dhuh Allah, mugi nglanting kawula sing sagung karibedan, dimèn pulih lejara.
- 4) Gusti tukung kadarman, mugi mlasé mring kula.
Uwala sing momotan wah kalis ing panggodha.
Gusti tukung kraharjan kang kwasa mbirat dosa,
mugi nucèkken kula, temah gesang sembada.

▪ *Umat jumeneng*

PAWARTOS SIH RAHMAT

PS : Punika pawartos sih-rahmat saking Gusti, ingkang sinerat ini Kolosé 1:12-14 “*12 Sabanjuré padha saosa sokur kanthi bungah marang Sang Rama, kang wis ndadèkaké kowé patut kapanduman apa kang wis katamtokaké tumrap para suci ana ing pepadhang. 13 Panjenengané wis ngluwari kita saka pangwasaning pepeteng, kapindhah menyang kratoné Sang Putra kang kinasih. 14 Ana ing Panjenengané anggon kita nduwèni tebusan, yaiku pangapuraning dosa.*”
Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

PS : Sumangga kita sami déné nampèni, sami déné nresnani, sami déné ngapunteni kanthi nélakaken Salam Tentrem-rahayu. Tentrem-rahayu sing Gusti nunggila ing panjenengan!

U : **Tentrem-rahayu sing Gusti nunggila ing panjenengan!**
(sami jawat asta kanthi ngidung **KPJ 460** Tentrem-raharja)

KPJ 460 TENTREM RAHARJA

Do=E 4/4

Tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita;
tentrem raharja sing Gusti kita, tumrah mring kita.

▪ *Umat ngidungaken **KPJ 316:1, 3***

KPJ 316 BRAYAT KANG TINANGSULAN ING TRESNA

Do=G 4/4

- 1) Brayat kang tinangsulan ing tresna, tetales pitados mring Gusti,
mesthi ayem tentrem lan raharja, atut rukun wah lestari,
silih asah lan asih, silih asuh tan pamrih,
temah adeging brayat puniki, nengsemken mring sesami.

- 3) Brayat kang mbangun turut mring Gusti, tegen ndedonga lan ngabekti,
 kraos lan rumaos nampi berkah, jroning bingah dalah sisah;
 gesangnya kagem Allah, blaba berbudi tansah,
 temah adeging brayat puniki nengsemken mring sesami.

▪ *Umat lenggah*

PALADOSAN SABDA

- DONGA ÉPIKLÉSE (DÉNING PELADOS SABDA)
- PAMAOSING KITAB SUCI

Waosan I:

Lo. : (maos Yésaya 53:4-12)
 Makaten Pangandikanipun Gusti!
 U : **Puji sokur konjuk Gusti!**

Masmur Tanggapan

Lo. : (moas Masmur 91: 9-16 sacara gegantosan kaliyan umat).

Waosan II:

Lo. : (maos Ibrani 5: 1-10)
 Makaten Pangandikanipun Gusti!
 U. : **Puji sokur konjuk Gusti!**

Waosan Injil

PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapethik saking Markus 10:35-45.
 Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindakaken ing gesang padintenan. Haléluya!
 U : *(ngidungaken)* **Haléluya, Haléluya, Haléluya!**

- KHOTBAH
- WEKDAL ENING

- *Umat jumeneng*

PANGAKEN PITADOS RASULI

P/D : Sumangga kita nyantosakaken iman kapitadosan kita kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli makaten ...

- *Umat lenggah*

DONGA SYAFAAT

(PS ngonjukaken pandonga syafaat, dipun pungkasi kanthi sesarengan ngidungaken Pandonga Rama Kawula.)

KPJ 152 RAMA KAWULA KANG WONTEN ING SWARGA

Do=D 2/4 lan 4/4

Rama kawula kang wonten swarga,
 ingkang asma kasucèkna. Kraton Paduka rawuh,
 karsa Paduka klampah, ing bumi kadya anèng swarga.
 Ing dinten sapunika, sinunga cekap rejeki;
 kula kaapuntena, kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
 sampun nandukken kula dhateng panggodha,
 kalepasna kula saking piawon,
 jer Gusti kang kagungan kraton lan wisésa
 sarta kamulyannya ngantos slami-laminya.
 Amin, amin.

PISUNGSUNG

P/D : Sumangga kita sami bingah-bingah saha nélakaken kabingahan kita lumantar pangucap sokur awit saking kamirahanipun Allah, lumantar pisungsung ingkang kita kempalaken sesarengan. Sumangga kita ngènget-ènget dhateng sabdanipun Gusti ing **Jabur Masmur 4:6**, “Padha nyaosna kurban kang bener, sarta kumandela marang Sang Yéhuwah.”

- *Umat ngaturaken pisungsung klayan sukarena, sinambi ngidungaken **KPJ 170:1-4***

KPJ 170 LUBÈRING BERKAH SING GUSTI

Do=A 4/4

- 1) Lubèring berkah sing Gusti, yéku prajanji suci.
urip mulya anèng swarga, pinaringken Sang Putra.
Refrein : Berkahing Gusti, iku dak anti-anti,
sayogya tansah tinampi, klayan tulus ing ati.
- 2) Lubèring berkah sing Gusti, dadya seger uripku;
saka gunung miwah lembah, lir grojogan keprungu.
Refrein : Berkahing Gusti, iku dak anti-anti,
sayogya tansah tinampi, klayan tulus ing ati.
- 3) Lubèring berkah sing Gusti, iku kang dak sesuwun.
Aparinga luber agung, maring umat sadarum!
Refrein : Berkahing Gusti, iku dak anti-anti,
sayogya tansah tinampi, klayan tulus ing ati.
- 4) Lubèring berkah sing Gusti, iku kang kita anti
atiku tansah binuka, diénggal kaparingna!
Refrein : Berkahing Gusti, iku dak anti-anti,
sayogya tansah tinampi, klayan tulus ing ati.

- *Umat jumeneng*
- *P/D nuntun pandonga pisungsung*

PANGUTUSAN

(*Umat ngidungaken* **KPJ 323:1, 2**)

KPJ 323 MÉNDAHNEÁ RAHAYU TYANG GEGRIYA

Do=Bes 2/4

- 1) Méndahnéa rahayu tyang gegriya
klayan tansah rumaket mring Gusti,
kang dadya mitra lan tuing basuki,
sarwi bingah préntahnya pinundhi.
Séka-kapti anilingken sabdanya,
angabekti Allah klayan ékhlas.
Rinten dalu angluhurken asmanya,
myang sumuyud kalayan trus ing tyas.

- 2) Méndahnéa rahayu tyang sémahan,
 klayan nunggil tresnanya mring Gusti.
 Runtang-runtung dènira sih-sinihan
 klayan saéka-praya lan budi.
 Sadinten-dinten sami ngajeng-ajeng
 idining Gusti sarwi memuji.
 Ing satitah nrima klayan pitajeng
 saha tresna dumugi ing janji.

- PS : Para sadhèrèk, enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.
 U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah!**
 PS : Gusti ngutus kita dhateng jagad punika dados peladosipun Gusti sarta ngladosi sesami.
 U : **Kawula samekta dados brayat ingkang lados-linadosan ing antawisipun warganing brayat kawula, ngladosi saben warganing brayat, ngladosi sesami, sarta ngladosi Gusti.**
 PS : Mengkera ing salebeting tentrem rahayu.
 U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**
 PS : Pinujia Asmanipun Gusti.
 U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

BERKAH

- PS : Tampènana berkahipun Gusti:
 Mugi sih-piwelasipun Sang Kristus nedhaki panjenengan,
 sih-katresnanipun Sang Rama nyantosakaken panjenengan, saha patunggilanipun Sang Roh Suci nyembadani panjenengan, samangké dumugi ing salami-laminipun. Amin.
 U : **Haléluya [5x] Amin [3x].**

[nhw-den]

Tata Panembah

Minggu, 28 Oktober 2018

Katrangan

PS : Palados Sabda
 PL : Palados Liturgi
 U : Umat
 ASM : *Anak Sekolah Minggu*
 (laré-laré sekolah minggu)
 L : Lektor
 P/D : Pinisepuh/Dhiaken

**NGRENGKUH
 INKANG
 RINGKIH**

**MAKEMPAL**

PL : Para sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, dinten punika kita lumebet ing minggu pungkasan Wulan Brayat 2018. Kita caos sokur, awit sarupining kridhanipun pasamuwan ingkang sampun katindakaken mbekta kita dhateng gambaran sarta gesang sesarengan minangka brayat supados dados brayat ingkang mbekta pangajeng-ajeng. Lumantar jejering pangibadah: “Ngrengkuh ingkang Ringkih”, saben brayat dipun ajap mangertos dhateng pangrengkuhing katresnanipun Gusti Allah sarta saben brayat dipun sembadani sami-sami ngrengkuh ing salebeting katresnanipun Gusti Allah.

Kanggé murwakani pangibadah punika punika, kita wiwiti kanthi ndedonga sesarengan (*PL miwiti kanthi pandonga, ing salebetipun PL ndedonga, instrument KPJ 26 saged kaungelaken*).

- *Sasampunipun ndedonga sesarengan purna, umat jumeneng sarta ngidungaken KPJ 26:1-3, ing salebetipun umat ngidungaken KPJ 26, para palados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah.*

KPJ 26 PINUJI GUSTI

Do = F 3/4

- 1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih-rahmat.
Refr. : Halléluya, sagung bekti
mring Ratu swargi.
- 2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
kang ngurbanke sarira nebus manungsa
Refr. : Halléluya, sagung bekti
mring Ratu swargi.
- 3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.
Refr. : Halléluya, sagung bekti
mring Ratu swargi.

VOTUM LAN SALAM

- PS : Pitulungan kita wonten ing Asmanipun Gusti Allah
ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- U : (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**
- PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama
tuwin Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan
sadaya.
- U : **Ugi nunggila ing panjenengan.**

▪ *Umat lenggah*

PAMBUKA

- PL : Gusti Allah rawuh ing salebeting pamuwun sarta
pasambat kita supados kita saged ngéwahi luhipun
kasisahan dados kabingahan.
- U : **Nalika brayat kawula kesandhung tuwin mèh
kémawon dhawah, Gusti Allah nglanting
kawula saha ngandika: “Tangia!”.**

- PL : Nalika gesanging brayat kécalan ener tuwin ancasing gesang, Gusti Allah nyaruwé saha ngandika: “Balia ngambah dalan-Ku”.
- U : **Nalika tentrem-rahayu tebih saking gesanging brayat, Gusti Allah sapa-aruh kanthi swanten alus, “Padha ngrasakna tentrem rahayu-Ku”.**
- PL : Panjenenganipun Allah ingkang ngrengkuh kita.
- U : **Rangkulaning katresnanipun Gusti ndadosaken kita gadhah pangajeng-ajeng.**
- PL : Pangrengkuhipun Gusti Allah ingatasipun karingkahan kita ndadosaken kita sembada ningali katresnanipun Allah ingkang ageng.

- *ASM (laré-laré Sekolah Minggu) ngidungaken pepujèn “Gajah Badannya Besar” ingkang dipun kanthèni obahing badan (gerakan) sepisan, kalajengaken umat sesarengan ngidungaken “Gajah Badannya Besar” ingkang dipun kanthèni obahing badan (gerakan).*

GAJAH BADANNYA BESAR

Gajah badannya besar
tapi matanya kecil
Buat Tuhan yang besar
Tidak ada ... yang mustahil

*Kasih-Nya Tuhan Yesus-ku
tak pernah berubah
Kasih-Nya Tuhan Yesus-ku
kekal selamanya a... a... a...

Katak mulutnya lebar
tapi hidungnya kecil
Buat Tuhan yang besar
Masalahku ... jadi kecil

Kembali ke*

(conto nyanyian sarta solah-bawaning badan saged dipun pirsani ing:

<https://www.youtube.com/watch?v=fNnXG1k6q6g>)

PENGAKEN DOSA

(PL ngajak umat ngonjukaken pandonga pangakening dosa, déné umat asring mboten ngeneraken gesang dhateng Allah lan sesami)

- *Umat ngidungaken **KPJ 48:1-3***

KPJ 48 GUSTI ANGANTYA SIRA

Do=D 3/4

- 1) Gusti angantya sira wong dosa.
 Aruming swara nimbali sira.
 Nyuwuna luwar lan pangapura!
 Mareka, saosna ati nira!
 Refrein : Lah mareka! Gusti angantya,
 aywa adoh-adoh, umareka!
 Gusti anganti-anti sira!
 Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!

- 2) Hé, wong dosa, lempar dalanira.
 Nyata gampang lamun liniwatan.
 Nging sira tan nduga tan uninga!
 yéku tan anjog mring nagri baka!
 Refrein : Lah mareka! Gusti angantya,
 aywa adoh-adoh, umareka!
 Gusti anganti-anti sira!
 Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!

- 3) Nging marga kang anjog ing kabegjan.
 ciyut, angèl kalamun dèn ambah.
 Kang mangkono datan kauningan!
 mangka iku margining Yéhuwah.
 Refrein : Lah mareka! Gusti angantya,
 aywa adoh-adoh, umareka!

Gusti anganti-anti sira!
Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!

- *Umat jumeneng.*

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PL : Gusti Yésus nresnani panjenengan.

U : **Sang Kristus nresnani panjenengan.**

PL : Tampènana sih-rahamatipun Gusti kados ingkang sinerat ing Roma 5:5-6

“Déné pangarep-arep iku mesthi ora bakal nguciwani, awit sihé Allah wis kaesokaké ing ati kita déning Roh Suci, kang wis piningaké marang kita. 6 Awitdéné ing nalika kita isih padha apes, ing wektu kang katemtokaké déning Allah, Kristus wis nglampahi séda kanggo kita para wong duraka.”

Makaten Pawartosing Sih Rahmat saking Gusti.

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

- *Umat ngidungaken **KPJ 124:1, 3***

KPJ 124 KULA SÈSTU NDHÈRÈK GUSTI

Do=C 3/4

- 1) Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan
Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan,
Reffr. : Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.
- 3) Kula sèstu ndhèrèk Gusti mbabarken sih piwlasnya,
mring sagung titah ing bumi, dimèn samya raharja,
Reffr. : Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan éwah gingsir
Tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

- *Umat lenggah*

PALADOSAN SABDA

Donga épiklése

PS : *(Palados Sabda ngonjukaken pandonga épiklése)*

Pamaosing Kitab Suci

Waosan I

L : Waosan kapisan kapendhet saking Kitab Nabi Yérémia 31:7-9 (*sasampunipun maos ayat Yérémia 31:7-9 ngucapaken*)

“Makaten sabdanipun Gusti”

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Masmur Tanggapan

L : Sumangga kita tanggapi waosan kapisan wau kanthi maos Jabur Masmur 126 sacara gegantosan kaliyan umat.

Waosan II

L : Waosan kaping kalih kapendhet saking Ibrani 7:23-28 (*sasampunipun maos ayat Ibrani 7:23-28, ngucapaken*)

”Makaten sabdanipun Gusti.”

U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Waosan Injil

PS : Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus manut paseksinipun Injil Markus 10:46-52 (*sasampunipun maos Markus 10:46-52, ngucapaken*)

”Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti, ngendhem ing telenging manahipun, saha nindakaken. Haléluya.!

U : (*ngidungaken*) **Haléluya, Haléluya, Haléluya!**
(*kalajengaken umat ngidungaken KPJ 323:1*)

KPJ 323 MÉNDAHNEÁ RAHAYU TYANG GEGRIYA

- 1) Méndahnéa rahayu tyang gegriya
 klayan tansah rumaket mring Gusti,
 kang dadya mitra lan tuing basuki,
 sarwi bingah préntahnya pinundhi.
 Séka-kapti anilingken sabdanya,
 angabekti Allah klayan ékhlas.
 Rinten dalu angluhurken asmanya,
 myang sumuyud kalayan trus ing tyas.

KHOTBAH: NGRENGKUH INGKANG RINGKIH

- *Wekdal Ening*
- *Umat jumeneng*

PANGAKEN PITADOS

P/D : Sumangga kanthi jumeneng, kita télakaken iman kapitadosan kita dhumateng Gusti Allah kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli makaten

- *Umat lenggah*

DONGA SYAFAAT

(*pandonga syafaat saged **kaonjukaken déning satunggaling brayat** – pandonga syafaat dipun pungkasi kanthi sesarengan ngidungaken **KPJ 151***).

KPJ 151 RAMA KAWULA KANG WONTEN ING SWARGA

Do=F 2/4

Rama kawula kang wonten ing swarga,
 ingkang Asma kasucèkna,
 kraton Paduka rawuha,
 mugè karsa Paduka klampahan
 ing bumi kados wonten ing swarga.
 Rama, Rama kawula kang wonten swarga,
 kula sinunga rejeki ing dinten punika.
 Rama mugè angapunten dosa kawula,

kados kawula ugi ngapunten
 tyang kang lepat dhateng kawula.
 Rama kawula kang wonten swarga,
 uwala kawula king panggodha,
 katebihaken kawula saking piawon.
 Amin, Amin, Amin.

PISUNGSUNG

P/D : Ing sawerning kawontenan, Gusti nunggil brayat kita.
 Nalika wonten ing salebeting karingkahan, Gusti
 nyantosakaken. Ing salebeting kekirangan, Gusti
 nyekapi. Nalika kita dhawah, Gusti ngrengkuh kita
 temah kita jenggèlèk malih sarta ningali pakaryaning
 katresnanipun Gusti. Minangka umat ingkang dipun
 kasihi, mungguh menawi kita sami ngucap sokur
 dhumateng Gusti. Sabdanipun Gusti makaten:

“Awitdéné samubarang kabèh iku saka
 Panjenengané, krana Panjenengané sarta kagem
 Panjenengané; kamulyan kagama Panjenengané
 salawas-lawasé!” [Roma 11:36].

Lumantar pangibadah punika, kita ngaturaken
 pisungsung sokur dhumateng Gusti awujud bandha
 donya sarta kidung kita.

▪ *Umat ngidungaken **KPJ 181:1-3***

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
 datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
 Sokur paringing pakarya, nadyan badamba ringkih;
 sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;
 sokur méga angantariksa, miwah surya ndhadhari.
 Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
 awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.

- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
 sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
 Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
 sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.
- *Umat jumeneng, P/D nuntun ndedonga ngaturaken pisungsung.*
 - *Umat ngidungaken **KPJ 321:1-4.***

KPJ 321 KULAWARGA KANG RAHAYU

Do=A 9/8

- 1) Kulawarga kang rahayu, lamun Gusti angayomi
 srana tresna kang satuhu, tansah nuntun wah nganthi.
 Refrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,
 dé karsa nuntun salaminya;
 sakathahing urmat wah pamuji
 tansah sumengka ing ngarsanya.
- 2) Anèng donya kèh dalannya, endi kang bakal ingambah.
 Dalan bener mung sajuga, yéku margining Allah
 Refrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,
 dé karsa nuntun salaminya;
 sakathahing urmat wah pamuji
 tansah sumengka ing ngarsanya.
- 3) Kulawarga tetep panggah, lamun Gusti kang ngayomi;
 jroning susah dalah bungah, datan pegat ngrimati.
 Refrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,
 dé karsa nuntun salaminya;
 sakathahing urmat wah pamuji
 tansah sumengka ing ngarsanya.
- 4) Dhuh Roh Suci mugi rawuh, angèbeki tyas kawula
 amrih kula tansah tangguh mujudaken sih-tresna.
 Refrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,

dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

BERKAH

- PS : Enerna gesanging brayat panjenengan dhumateng Allah,
U : **Kawula ngeneraken gesanging brayat kawula dhumateng Gusti Allah.**
PS : Dadosa brayat ingkang ngetingalaken Sang Kristus ing satengahing jagad.
U : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**
PS : Pinujia Gusti Allah ingkang sampun ngrengkuh brayat panjenengan kanthi katresnan.
U : **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**
PS : Tampènana berkahipun Gusti:
“Muga-muga Allah, etuking pangarep-arep, menuhi kowé kabèh kanthi sakèhing kabungahan sarta tentrem-rahayu ing sajroning pracayamu, supaya marga saka sawabé Roh Suci, kowé nduwèni lubèring pangarep-arep.” (Roma 15:13)
U : (ngidungaken) **Haléluya (5x), Amin (3x)!**

[wsn-den]

Wulan Brayat 2018

**BAHAN
PANYURAOS KITAB SUCI
BRAYAT**



**Bahan ingkang
kacawisaken punika
saged dipun olah jumbuh
kaliyan kawontenan
piyambak-piyambak.**



Panyuraos Kitab Suci
Brayat 1

Waosan Kitab Suci:
Wulang Bebasan 19:1-8

“IBA MLARATÉ KITA”



1. DONGA PAMBUKA

(katuntun déning salah satunggaling warga brayat)

2. PANUNTUN PANYURAOSING KITAB SUCI

“Iba mlaraté kita”

(cariyos saged dipun waos gentosan (ing antawisipun
tiyang-sepun lan putra):

Satunggaling dinten, satunggaling bapa ingkang asalipun saking brayat ingkang sugih ngajak putranipun mlampah ngubengi negari, lajeng sami nelasaken sawetawis dinten ing satunggaling griya pertanian ingkang déning bapakipun kaanggep dipun gadhahi déning brayat ingkang mlarat sanget. Sasampunipun wangsul saking anggènipun mlampah, pun bapa ngendika:

“Piyé nak anggon kita lumaku mau?”

“Lelampahan ingkang éndah lan ngremenaken sanget, pak.”

“Apa kowè weruh méndahnéa mlaraté wong-wong urip?” pun bapa apitakèn.

“O, temtu kémawon,” wangsulanipun pun laré.

“Saiki critakna, apa sing kok sinaoni saka lelakon mau,” ngendanjpun pun bapa.

Pun laré mangsuli: “kula ningali bilih kita gadhah segawon setunggal, nanging tiyang-tiyang wau gadhah segawon sekawan. Kita gadhah *kolam renang* ingkang panjangipun dumugi tengahing taman kita, nanging tiyang-tiyang wau gadhah lèpèn ingkang tanpa akhir. Kita ndhatengaken lampu-lampu kanggé taman kita, nanging

tiyang-tiyang wau gadhah sunaring lintang ing wanci dalu. Tèras panggènan kita linggih gumelar dumugi pekarangan ngajeng, déné térasipun tiyang-tiyang wau punika horizon ingkang wiyar. Kita gadhah siti sempit kanggé kita enggèni, nanging tiyang-tiyang wau gadhah ara-ara ingkang tebihipun satebihing paningal kita. Kita gadhah réncang ingkang mbiayntu kita, nanging tiyang-tiyang wau sami-déné anggènipun ngladosi. Kita tumbas tetedhan kita, tiyang-tiyang wau sami nuwuhaken tetedhanipun piyambak. Kita gadhah témbok ingkang ngubengi griya kita kanggé ngayomi kita, déné tiyang-tiyang wau gadhah kanca-kanca ingkang ngayomi tiyang-tiyang wau.”

Pun bapa namung saged kèndel.

Lajeng pun laré mewahi aturipun: “Pak, matur nuwun déné sampun nedahaken iba MLARATipun kita.”

3. PIREMBAGAN

Ngrembag sesarengan cariyos “Iba mlaraté kita”. Warganig brayat ijèn-ijèn nélakaken pamanggihipun bab cariyos punika.

4. Wulang Bebasan 19:1-8

“Luwih becik wong miskin kang kelakuané resik, tinimbang karo wong cidra lambéné lan gemblung. Tanpa kawruh kasregepan uga ora maédahi, sarta kang kesusu iku bakal klèru jangkahé. Kabodhoané wong nasaraké lakuné, nuli ngundhamana marang Pangéran Yehuwah. Kasugihan ngolèhaké mitra akèh, nanging wong mlarat ditinggal mitrané. Seksi goroh mesthi bakal nampani paukuman, sarta wong kang ngucapaké cidra ora bakal oncat saka ing paukuman. Akèh wong kang nyanak marang wong kang lubèr atiné, lan saben wong kepéngin dadi mitrané wong kang dhemen wèwèh. Wong miskin iku kasengitan déning saduluré kabèh, apa manèh mitrané, mesthi padha ngedohi, dioyak klawan diceluki, ewasemono wis padha ora katon.”

5. KATRANGANING Wulang Bebasan 19:1-8

Kasunyatan mlarat lan sugih mujudakan pengalaman gesanging manungsa ingkang dipun sorot déning panyerat Wulang Bebasan wonten ing Wulang Bebasan 19:1-8 ingkang isi pitembungan wicak bab kasunyatan ingkang mboten imbang ingkang dipun tingali ing salebeting komunitas ing pundi panyerat Wulang Bebasan gesang. Upaminipun tiyang ingkang mlarat lan jujur kaanggep langkung saé kabandhing tiyang ingkang mboten jujur lan gemblung (ayat 1). Panyerat Wulang Bebasan ugi nyaruwé bab maknanipun tiyang ingkang gadhah kawruh lan tiyang ingkang bodho (ayat 2). Senadyan gadhah pengalaman, menawi kesesa lan rumaos paling mangertos, badhé klèntu jangkahipun. Mekaten ugi kabodhoan badhé mbekta tiyang dhateng margi ingkang nyasarakn lan damel tiyang tansah ngundhamana Gusti Allah. Panyerat Wulang Bebasan nggambaraken kasunyatan ingkang kosok wangsul ing antawisipun tiyang sugih lan tiyang mlarat. Tiyang sugih nambah mitra katah (ayat 4), nélakaken bilih ugi ing jamanipun, panyerat Wulang Bebasan gesang ing komunitas ingkang mawas bilih tiyang sugih gadhah sesambetan ingkang kathah karana kasugihanipun. Déné gagasan bilih tiyang mlarat dipun tilar déning mitranipun (ayat 4) ngener dhateng panandhangipun tiyang miskin ingkang wiwit ing jamanipun panyerat Wulang Bebasan mboten kauntungaken ing bab sawernining sesambetan ingkang wonten.

Minangka cathetan, tiyang mlarat ing masyarakat Israèl kuno punika tiyang ingkang wonten ing tataran gesang sosial ingkang paling andhap. Ing Kitab Suci, tiyang miskin nélakaken dhateng kelompok masyarakat tartemtu, kadosta para randha, yatim piatu, tiyang ingkang katawan utawi ngungsi awit paparangan, lan temtu kémawon tiyang ingkang mboten gadhah barang darbé utawi raja kaya. Inggih ing satengahing pamawas ingkang kados mekaten punika, panyerat Wulang

Bebasan nyaruwé ukuran-ukuran ingkang dipun trapaken déning komunitasipun tumrap sawenèhing tiyang gegayutan kaliyan barang darbé utawi raja kaya ingkang dipun gadhahi. Panyerat Wulang Bebasan ugi nedya nyaruwé wawasanipun manungsa ingkang kanthi cepet/gampil nélakaken anggènipun kasil awit wontenipun barang darbé ingkang mubra-mubru lan tansah ningali saking pamawasipun tiyang sugih. Pamawas kados mekaten punika tansah nguwaosi gesang padintenan ngantos tiyang ingkang mboten trep kaliyan ukuran ingkang dipun tetepaken déning komunitas punika, sangsaya kepèpèt lan kapinggiraken. Kamangka tumindak ingkang kesesa ugi pikiran ingkang mboten kakanthènan pangertosan badhé mbekta tiyang dhateng kamiskinan seserepan lan tebih saking karahayon sejatos.

6. CAK-CAKANG WULANG BEBASAN 19:1-8 (Kacundhukaken Kaliyan Kawontenaning Brayat ingkang kedahipun asung Pangajeng-ajeng)

Saben brayat tansah gesang ing satengahing pengalaman sesarengan masyarakat ingkang tansah mbetahaken maknaning gesang sesarengan. Conto, kados pundi masyarakat negesi kamlaratan gumantung kaliyan gegambaran-gegambaran ingkang kawarisaken turun-temurun ing salebeting brayat. Kamlaratan ingkang dipun tengeri srana anggènipun mboten gadhah barang darbé utawi raja kaya ingkang mubra-mubru, damel manungsa balapan nélakaken gegambaran-gegambaraning gesangipun ingkang tebih saking tembung mlarat (gegambaran-gegambaran ingkang éndah ingkang ingkang nélakaken kasugihan). Mekaring medhia sosial damel gegambaran-gegambaran punika sumebar kanthi cepet srana anggènipun tanpa kendhat ngetingalaken bab-bab ingkang ménginaken, ingkang asring mboten dipun imbangi kaliyan anggènipun siyaga nampèni gesang ingkang mboten sampurna lantaran karépotan utawi kangèlan ingkang dipun alami. Pangajeng-ajeng, ingkang mujudaken kasaénan-kasaénan ingkang dipun

ajeng-ejeng tumama dhateng dhirinipun, sangsaya dipun isi déning gegambaran ing bab barang darbé utawi raja kaya ingkang mubra-mubru.

Menawi ajakan panyerat Wulang Bebasan dipun gatosaken, satunggaling kasunyatan, kadosdéné kamlaratan, saged dipun tingali saking sawetawis sisihing gesang ingkang ngasilaken makna ingkang béda tumrap dhirinipun. Temah, sinau saking panyerat Wulang Bebasan, ateges ngyakini bilih ningali gesang ingkang namung dipun watesi déning ukuran-ukuran ing antawisipun ingkang mlarat lan ingkang suggih, badhé damel saben brayat kécalan pangajeng-ajeng wontenipun karahayon ingkang sejatos. Karahayon ingkang kalandhesan pangertosan lan putusan ingkang mboten kesesa kawawas minangka bab ingkang langkung saé kaudi déning saben tiyang pitados.

Kados-déné bapa ingkang nginten sampun nepangaken kasunyataning kamlaratan ing satunggaling griya pertanian, nanging malah katepangaken kaliyan kamiskinan ing brayatipun piyambak déning pun laré, saben brayat mboten saged uwal saking wawasaning masyarakatipun. Nanging saben brayat ugi gadhah andhil ing salebeting ndhapuk pangajeng-ajeng saben warganing brayatipun kanggé gesang sesarengan. Wiwit saking salebeting brayat, saben warganing brayat tansah kalantih ngasah seserepan, pangertosanipun ing bab-bab kabecikan ingkang dipun ajeng-ajeng saged maujud ing gesanging brayatipun. Mangga kita sami tansah nglantih, wiwit saking dhiri pribadi lan brayat, kanggé damel pangajeng-ajeng raket kaliyan karahayon sejatos.

7. **DONGA PANUTUP**

(kaucapaken sesarengan déning saben warganing brayat)

Dhuh Rama, mugi kawula Paduka dadosaken tiyang ingkang mbekta pangajeng-ajeng wiwit ing brayat, ing

satengahing masyarakat, lir ombak alit ingkang sambung-sinambung. Kawula ndedonga ing asmanipun Gusti Yésus, ingkang nepangaken kawula kaliyan Sang Rama, kanthi patunggilan kaliyan Sang Roh Suci. Amin.

[jm/wds]

Panyuraos Kitab Suci
Brayat 2

Waosan Kitab Suci:
Wulang Bebasan 9:1-6

**“SOKUR AWIT
PANGAJENG-
AJENGING BAB
KAMAJENGAN”**



1. DONGA PAMBUKA

(katuntun déning salah satunggaling warga brayat)

2. PANUNTUN PANYURAOS KITAB SUCI: “*How much is too much?*” “Ingkang dipun wastani cekap punika sepinten?”

- Panuntun ngajak saben warganaing brayat rembagan pinten wekdal ingkang kaginakaken kanggé migunakaken *gadget*, kanggé kaperluan padamelan, dolanan, medhia sosial, lsp. Punapa piguna lan kakiranganipun awit migunakaken *gadget* ing gesang padintenan.
- Karembaga ugi pinten kathahipun wekdal ingkang kaginakaken tanpa *gadget* kanggé andum dinten kaliyan brayat, upaminipun punapa kénging migunakaken *gadget* nalika nembé nedha sesarengan.
- Damela pasarujukan pinten dangunipun wekdal ingkang kawawas kathah sanget kaginakaken kanggé migunakaken *gadget*, lan pilihan kegiatan ing brayat ingkang saged kaginakaken nalikanipun mboten migunakaken *gadget*, upaminipun dolanan *board game* (ular tangga, halma, lsp.) utawi ulah raga sesarengan.

3. Pangandhariing Torèt 9:1-6

“Hé wong Israèl, rungokna. Saiki kowé bakal nyabrang bengawan Yordèn, arep lumebu sarta ngenggoni tanahé bangsa-bangsa kang cacahé lan kekuwatané ngungkuli

kowé, yaiku kang kutha-kuthané gedhé lan mawa balowarti kang dhuwuré nganti sundhul ing langit; bangsa kang gedhé lan dhuwur dedeg pangadegé, wong Ènak kang wus koksumurupi lan kokrungu kaloké: Sapa kang bisa menang karo wong Ènak? Bab iku ing dina iki kowé padha sumurupa, yèn Pangéran Yehuwah, Gusti Allahmu, iya Panjenengané kan tindak dadi pangiridmu sarta asipat kaya geni memangsa, iya Panjenengené kang bakal numpes sakèhé bangsa iku, padha ditelukaké ing ngarepmu. Kaya mengkono dadiné bangsa mau bakal koktundhungi lan bakal ènggal koksirnakaké, kaya kang wuas dadi dhawuhè Sang Yehuwah marang kowé. Anadènè samangsa Pangéran Yehuwah, Gusti Allahmu, wus nundhungi bangsa-bangsa iku saka ing ngarepmu, kowé aja padha duwé osik ing atimu: Marga saka lelabetanku Pangéran Yehuwah anggoné ngirid aku lumebu lan ngebèki negara iki; sanyatané marga saka pamblasaré bangsa-bangsa iku anggoné padha ditundhungi metu déning Sang Yehuwah saka ing ngarepmu. Ora marga saka lelabetan utawa saka jujuring atimu anggnmu lumebu ngejègi negarané, nanging marga saka pamblasaré para bangsa iku, Pangéran Yehuwah, Gusti Allahmu, anggoné nundhungi metu saka ing ngarepmu, sarta manèh supaya netepana prajanjiné kang wus didhawuhaké kalawan supaos marang para leluhurmu yaiku Rama Abraham, Rama Iskak lan Rama Yakub. Kang iku kawruhana, yèn ora marga saka lelabetanmu anggoné Pangéran Yehuwah, Gusti Allahmu, maringaké negara kang becik iku marang kowé supaya dadi duwèkmu. Satemené kowé iku bangsa kang wangkot.”

4. KATRANGAN Pangandhariing Torèt 9:1-6

Tèks Pangandhariing Torèt 9:1-6 ngrembag bab bangsa kalih ingkang ing wiwitaning pèrikop dipun bandhingaken setunggal lan setunggalipun. Israél kasebut bangsa ingkang mboten langkung kiyat lan mboten langkung majeng kabudayanipun kabandhing kaliyan bangsa Ènak. Bangsa

Énak majeng sanget kabudayanipun awit gadhah “kitha-kitha ageng ingkang balowartinipun inggil sundhul ing langit - bangsa ingkang ageng lan inggil dedeg pangadegipun (ayat 1b-2a). Malah bangsa Énak kasebut bangsa ageng ingkang mboten saged dipun kawonaken. Ewasemanten, kasunyatan bilih bangsa Énak minangka bangsa ingkang ageng lan majeng kabudayanipun punika mboten cundhuk kaliyan kasunyatan bilih bangsa kasebut nggadhahi kualitas dhiru ingkang saé. Awit sih-rahmatipun Allah lantaran wohing kamajengan kabudayan ing masyarakatipun, bangsa Énak malah nanggapi srana kadurakan ingkang ngasilaken patraping gesang ingkang cengkah kaliyan kersanipun Allah. Kamajenganing kabudayan ingkang mboten dipun tingali ing salebeting pakaryaning Allah badhé ndhatengaken karisakan tumrap bangsa kasebut. Kamajenganipun badhé kapendhet déning bangsa sanès, malah katundhung saking tlatahipun piyambak, kados-dènè bangsa Israèl kasebut badhé “mlebet lan ngejèki” (ayat 1), “nundhung bangsa-bangsa wau (ayat 4), ugi numpes lan nelukaken” (ayat 3).

Prelu dipun gatosaken ugi bilih mboten namung bangsa Énak ingkang nampi panyaruwé ing bab kabudayan ingkang mboten kalandhesan déning kersanipun Allah, bangsa Israèl ingkang badhé nelukaken bangsa Énak, ugi sinebat bangsa ingkang “wangkot”. Bangsa Israèl kaengetaken bilih sanès amargi lelabetanipun temah saged ngejèki negari Énak punika, nanging awit inggih namung karana Allah Israèl saged ngraosaken sekéca awit kaunggulan kamajenganing kabudayan. Bilih Allah nélakaken anggènipun mboten ngéloni bangsa ingkang nanggapi sih-rahmatipun Allah punika srana anggènipun tumindak duraka lan gumunggung, dadosa bangsa ingkang sampun majeng, punapa-déné bangsa ingkang dèrèng majeng,. Bilih kamajenganing bangsa lantaran kabudayanipun kedah kakanthènan kaprihatosan ing bab krentek ingkang wonten ing sawingkinging kamajengan kabudayan kasebut, malah masalah ingkang muncul saking kamajenganing kabudayan kasebut.

5. RÉLEVANSI TÈKS

Rélevansi Pangandharing Torèt 9:1-6 kaliyan Kontèks Brayat ingkang Asungpangajeng-ajeng

Pirembagan ing bab migunakaken *gadget* ing awaldados wigatos awit *gadget* mujudaken wohing kamajenganing kabudayan ingkang dipun gadhahi déning masyarakat kitaing wekdal punika., malah kanthi regi *gadget* ugitebanipun ingkang kesrambah ndadosaken saben brayat gampil sanget nggadhahi *gadget* . saking pamaosing tèks Pangandharing Torèt 9:1-6, kita ngingali bilih kamajenganing kabudayat lantaran tèknologi lan sedaya ingkang dados asilipun punika sih-rahmatipun Allah. Sih-rahmat punika prelu dipun tanggapi srana manah ingkang tebih saking raos gumunggung lan pikajeng ingkang awon/ duraka nalikanipun migunakaken tèknologi ingkang kaparingaken Allah dhateng kita. Produk-produk tèknologi minganka pangudining manungsa kanggé ngindhakaken kwalitasing gesang lantaran komunikasi ingkang gampil ugi kabingahan ingkang dipun alami lantaran jejaring ingkang wiyar sarta dolanan migunakaken *gadget* punika pangajeng-ajenging bab gesanging manungsa ingkang langkung saé. Kasaénan-kasaénan ingkang kaajeng-ajeng badhé katampi srana migunakaken *gadget* prelu kasarengan manah ingkang ngucap sokur lan panguwaosing dhiri wiwit wonten ing satengahing brayat. Bab-bab alit ingkang dipun sarujuki, kadosta ing salebeting migunakaken *gadget* , saged mitulungi saben warganing brayat ngemonah pangajeng-ajeng kwalitas gesang ingkang langkung saé tanpa nglirwakaken Allsah snggènipun cawé-cawé ing salebeting brayat.

6. DONGA SOKUR BRAYAT

(kakidungaken déning saben warganing brayat)

KPJ 2016:1-4 **BRAYAT KANG TINANGSULAN ING TRESNA**

1. Brayat kang tinangsulan ing tresna,
tetales pitados mring Gusti,
mesthi ayem tentrem lan raharja,
atut rukun wah lestari,
silih asah lan asih, silih asuh tan pamrih,
temah adeging rayat punika, nengsemken mring sesami.
2. Brayat kang tresnanira sejati,
kados sihé Sang Kristus Gusti.
Lung-tinulung silih angladosi,
tan nguja karsèng pribadi
Yèn bebaya anrajang, linawan sesarengan,
temah adeging brayat punika, nengsemken mring sesami.
3. Brayat kang mbangun turut mring Gusti,
tegen ndedonga lan ngabekti,
kraos lan rumaos nampi berkah,
jroning bingah dalah sisah;
gesangnya kagem Allah blaba bèrbudi tansah,
temah adeging brayat puniki, nengsemken mring sesami.
4. Brayat ingkang satuhu sembada,
tamtu datan anguciwani,
kalamun pinaringan momongan,
pinerdi bekti mring Gusti,
mrih setya lembah-ati, blaba gemi-nastiti,
temah adeging brayat puniki, nengsemken mring sesami.

[jm/wds]

Wulan Brayat 2018

**PAKEMPALAN PANDONGA
WILAYAH/BLOK/KRING**



**Bahan ingkang
kacawisaken punika
saged dipun olah jumbuh
kaliyan kawontenan
piyambak-piyambak.**



Pakempalan Pandonga 1

Wilayah/Blok/Kring

Waosan Kitab Suci:***Roma 15:1-3*****SAPA LÉNA
BISA KENA****1. WEKDAL ENING****2. KIDUNG PAMUJI KPJ 68: 1, 2, 3****ALLAH MA' ASIH**

Allah Maasih asung putranya
 Allah Maasih mring manungsa.
 Mila kula ngidung Allah Maasih
 Allah Maasih mring manungsa.

Gusti ingutus dadya pamarta,
 Gusti ingutus nebus kula.
 Mila kula ngidung Allah Maasih
 Allah Maasih mring manungsa.

Gusti Pamarta nombokken nyawa,
 Gusti Pamarta mbirat dosa.
 Mila kula ngidung Allah Maasih
 Allah Maasih mring manungsa.

3. PANDONGA**4. KIDUNG PAMUJI KPJ 96 1,2 , 3****TYAS KITA DIMÈN S'LAMANYA BUNGAH**

Tyas kita dimèn slamanya bungah lan sukarena
 Déné Sang Rama ning swarga nganggep putra mring kita
 Mara tansah abebungah, saben dina antuk trang
 Dalaning urip éndah apadhang
 Mara tansah dèn girang.

Hyang Agung kang njangkung kita rineksa ing panggoda
 Sih rahmatnya kang anglipur paring kuwat santosa
 Mara tansah abebungah, saben dina antuk trang
 Dalaning urip éndah apadhang
 Mara tansah dèn girang.

Lamun kita nyingkur Gusti nèng ati peteng uwas
 Ilang kakuwatan kita wah kabungahaning tyas
 Mara tansah abebungah, saben dina antuk trang
 Dalaning urip éndah apadhang
 Mara tansah dèn girang.

5. PAMAOSING KITAB SUCI (Roma 15:1-3)

6. WEDHARING PANGANDIKA

Sapa Léna Bisa Kena

Wonten pawartos ing wiwitaning taun 2017 ingkang nyariosaken satunggaling ibu ing dharatan Tiongkok kécalan larénipun ingkang nembé umur 4 taun. Si laré wau klelep ing *kolam renang*. Lelampahan punika kedadosan ing papan *spa*, ing wekdal nalika ibunipun ngajak kungkum wonten ing kolam renang wau. Ananging karana si ibu nembé kasengsem dhateng teleponipun, mboten kanyana bilih larénipun ingkang mboten tebih saking piyambakipun klelep (*m.liputan6.com, 06 Januari 2017*).

Kedadosan ing ngajeng wau saèstu mrihatosaken sanget. Lirwanipun tiyang sepuh andhatengaken kacilakan tumrap larénipun. Langkung kasengsem dhateng dhirinipun piyambak, kesupèn dhateng tanggel jawabipun. Ingkang nama kamajenganing téknologi komunikasi (ngélmu ing babagan sesambetaning manungsa) mirungganipun ngrembakaning telepon tangan (hp) ingkang riket sanget lan adamel kaget. Punapa ingkang rumiyin namung winates ing pangangen-angen, samangké gampil kawujud. Contonipun *video-call*,

kita saged wicantenan kaliyan tiyang ingkang dunungipun tebih ananging inggih saged ningali gambaripun tiyang wau, kados nembé aben-ajeng. Satunggaling kamajenganing ngélmu téknologi ingkang damel marem, kita mboten namung mireng suwantenipun nanging inggih sumerep kawontenaning tiyangipun lan sadhèrèk ing papan tebih. Tebaning papan ingkang tebih sanget lajeng karaos celak, raos kangen saged dipun jampeni ing sawanci-wanci.

Telepon tangan (*hp*) samangké dados “dolan” anyar kanggénipun sadaya tiyang, wiwit saking laré dumugi kasepuhan. Akibat sanèsipun, ndadosaken kita “klelep”, kesupèn dhateng wekdal, mboten preduli dhateng kawontenan sakiwa-tengenipun. Damel léna, kesupèn dhateng dhiri pribadi lan kahananipun. Inggih punika ingkang kalampahan ing cariyos ing ngajeng wau. Tiyang sepuh kedahipun dados pribadi ingkang diwasa, sumerep dhateng tanggeljawabipun. Menawi namung mikiraken dhiri pribadi, léna, saged nemahi rubéda.

Rasul Paulus paring pitedah dhateng pasamuwan ing Rum, supados sampun ngatos léna namung nengenaken dhateng kapentinganing dhiri pribadi. Pitedah punika magepokan kaliyan tata gesangipun pasamuwan. Wonten ing pasamuwan Roma, wonten golonganing tiyang Kristen Yahudi ingkang rumaos langkung ing samukawisipun katimbang golongan sanès. Para tiyang wau namung nengenaken dhateng kapentinganing piyambak, mboten preduli dhateng umat sanèsipun, temahan ndadosaken pasamuwan ing Rum aben-ajeng kaliyan bebaya “klelep” karana regejegan.

Pasamuwan punika dados satunggaling brayat, ingkang warganipun sarwi béda-béda kahananipun. Wonten ingkang warganipun kiyat (*sugih, wasis, lsp.*) nanging wonten ugi ingkang ringkih (*sakit, mlarat, kirang seserepan, lsp*) mboten kepareng wonten tiyang ingkang gumunggung/umbag, lajeng

nggrèmèhaken tiyang sanès. Nanging gesang sesarengan minangka brayat saben warganing brayat kedah purun samidéne nyengkuyung, mboten pados keremenanipun piyambak (ayat 1).

Saben tiyang Kristen kedahipun mboten ngeneraken dhiri pribadi ingkang dados punjeranipun, ananging dhateng punapa ingkang andhatengaken kasaénan lan mbangun tiyang sanès (ayat 2). Sangsaya diwasanipun tiyang, kedahipun sangsaya ngudi kasaénan lan kamajenganing tiyang ing sakiwa-tengenipun.

Kita katimbangan tumut mendhet panduman nanggél para sadhèrèk kita ingkang ringkih kanthi migatosaken lan nyengkuyung supados mboten “dhawah”. Inggang rosa kedah ngrengkuh ingkang ringkih supados gesangipun kabangun. Inggang rosa kedah purun dados panutan tumraping ingkang ringkih, dados pangayom, sanès dados sandhungan.

Makaten ugi wonten ing gesang bebrayatan. Tiyang sepuh, bapak-ibu, simbah, minggahipun dhateng ingkang langkung sepuh, kaangkah sageda dados tiyang ingkang langkung diwasa. Sarana makaten, saben ingkang langkung sepuh dados panutan. Saben tiyang sepuh nélakaken kawigatosan, panampi, panjurung lan preduli dhateng ingkang langkung anem/ringkih. Ing pangajab, para laré ngraosaken katresnan lan pangayoman, ngrembaka dados saé, kalis saking samukawis ingkang badhé damel cilakanipun. Sampun ngantos kosokwangsulipun, para tiyang sepuh malah kesupèn lan langkung migatosaken dhiri pribadi, mboten preduli dhateng ingkang anèm/ringkih.

Telepon tangan (*hp*) namung satunggaling conto, taksih kathah bab sanèsipun ingkang adamel kita langkung migatosaken dhiri kita piyambak, lajeng nglirowakaken brayat, mirungganipun para laré kita. Malahan, padamelan ingkang rumaosipun dados margining berkah kanggé brayat, kanggé

laré-laré kita, dados jalaraning sesambetan antawisipun tiyang sepuh lan laré dados rangka. Langkung nengenaken dhateng padamelan saged dados jalaran kita lirwa dhateng laré-laré kita. Kita rumaos sampun nélakaken katresnan kanthi nyukani arta, tetedhan, rasukan, dolanan, tèlpon, lsp. Tanpa kanyana, kita nembé “nglelepaken” laré-laré kita piyambak. Kathah tiyang sepuh ingkang kesupèn bilih laré-laréipun mbetahaken tiyang sepuh ingkang nenggani, aruh-aruh, nggatosaken, asih, ngayomi, lan nenuntun.

Sabdanipun Gusti wekdal punika ngènetaken kita ing bab tanggel jawab ingkang ageng menggahing gesang punika. Para laré ing saben brayat sanget anggènipun gumantung dhateng tiyang sepuhipun, dhateng ingkang langkung diwasa. Awit saking punika sumangga tansah anjagi dhiri supados sampun ngantos léna, inggih tumrap para laré kita. amin

7. KIDUNG PAMUJI KPJ 124: 1, 2

KULA SÈSTU NDHÈRÈK GUSTI

Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumenèng Panutan
tetep setya dugèng janji tan wigih karibédan,
dhuh nyawaku ja kwatir Gusti tan éwah gingsir
tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

Kula mesthi ndhèrèk Gusti martosken Injil suci,
datan ajrih ing sangsara wit Gusti nganthi kula,
dhuh nyawaku ja kwatir Gusti tan éwah gingsir
tut wuria salaminya ing satindaké Gusti.

8. PANDONGA SYAFAAT

9. KIDUNG PANUTUP KPJ 175:1, 2.

NÈNG GUNUNG WAH NÈNG NGARÉ

Nèng gunung wah nèng ngaré, Gusti Allah ana.
Nyanga ngendi paranku mesthi ana uga
Endi kang dadi cipta lan osiking ati
Kabèh mesthi kapirsan ing Allah Hyang Widi

Sang Rama anèng swarga mengku samubarang
Sing sapa kang kumandel mesti tinulungan
Manuk ing awang-awang Allah kang ngingoni
Suket lan tethukulan, wrata dènpaèsi.

[EDP/TK]



Pakempalan Pandonga 2
Wilayah/Blok/Kring

Waosan Kitab Suci:
Roma 6:5-14

RAGAMU GEGAMANING KABENERAN



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPK 9:1-3

PAMUJI KONJUK MAAGUNG

Puji sokur lan panggunggung konjuk mring Hyang Ma' agung
kang nitahken jagad raya wah langgeng kasetyannya.

Makluk wrata rinimatan krana sihing Pangéran,
jagad tentrem lan raharja lamun manut pangrèhnya.

Surya, candra lan pra lintang samya nyunarken padhang,
peksi ngocèh mawurahan wah sato kéwan girang,
tetuwuhan ngumbar sekar sarta asung woh-wohan,
sadaya sami memuja mring Allah Kang Makwasa.

Puji sokur lan panuwun konjuk Allah Mamulya,
kang sampun paring pitulung mring pra manungsa dosa,
kang panggah sami pracaya mring Panebus sejati,
mesthi wilujeng, raharja, mulya langgeng ing swargi.

3. DONGA PAMBUKA

4. PAMAOSING PANGANDIKANING GUSTI

(Roma 6:5-14)

5. KIDUNG TANGGAPAN: KPK 189:1-3

SABDANING ALLAH

Sabdèng Allah Hyang Widi seksinya kitab suci.
Pepadhang ing manungsa ing margi dugèng Swarga.

Sabdèng Allah Masuci wewaton gesang adi.
Kang mireng wah nindakna manggya tentrem raharja.

Sabdèng Allah Mamulya, nggih tetedhaning nyawa.
Tyang nggayuh kasunyatan samangkya tinuwukan.

6. WEDHARING PANGANDIKA

Ragamu: Gegamaning Kabeneran

Menawi kita ngrembak bab raga, menika ateges kita ngrembak bab raga, penggalihan saha manah minangka badan satunggal, ingkang mboten saged kapisahaken. Tegesipun, tetiganipun wonten gandhèng cènèngipun. Raga (contonipun: asta, lathi, soca, suku, lsp.) sagedipun tumindak awit wontenipun manah saha penggalihan ingkang kaolah sesarengan. Pramila manah saha penggalihan menika dados pérangan ingkang wigatos sanget tumraping raga anggènipun nindakaken samudayanipun.

Waosan Kitab Suci samangké ngènetaken kita bab wigatosing pambudidaya ndadosaken raga kita dados gegamaning kaleresan. Kita kaènetaken bilih sanès karana kakiyatan saha kasagedan kita piyambak kita saged ndadosaken raga kita minangka gegamaning kaleresan. Sadaya menika saged kelampahan namung awit Gusti piyambak ingkang nyagedaken. Pramila ingkang prelu kita tindakaken inggih menika masrahaken sakwetahing raga, manah saha penggalihan kita dhumateng Gusti. Roma 6:13 nélakaken “Sarta kowé aja masrahaké gegelitaning badanmu marang si dosa kanggo gegamaning duraka, nanging badanmu iku saosna marang Gusti Allah, kaya wong kang mauné mati, nanging saiki urip. Sarta gegelitaning badanmu iku saosna marang Gusti Allah, minangka gegamaning kabeneran.”

Nalika manah saha penggalihan kita ngener dhumateng Gusti, sakwetahipun pasrah dhumateng Panjenenganipun, pramila kuwaos saha sih katresnanipun Gusti badhé nguwaosi saha

nyagedaken kita. Raga kita badhé nindakaken menapa ingkang dipun kersakaken Gusti dhumateng kita. Asta saha suku kita badhé saged damel pakaryan-pakaryan ingkang élok, ingkang nyunaraken sih katresnanipun Gusti. Tutuk kita badhé ngucap tembung-tembung ingkang wicaksana, nglipur, ngiyataken, nyantosakaken, mbangun, nentremaken, sarta ngajèni asanès kadosa menapa kémawon kawontenanipun.

Mekatena ugi soca utawi mripat kita badhé saged ningali bab-bab ingkang saé, ingkang mbangun saha migunani, ingkang nyunaraken kabingahan saha tentrem rahayu, sanadyan mbokbilih ingkang dipun prangguli nalisir saking pangajeng-ajeng saha pepinginanipun. Sanès mripat ingkang kebak nepsu lan kadurakan, méri lan serik manah. Déné talingan utawi kuping kita katujokaken dhateng bab-bab ingkang prayogi, sanès dhateng rerasan ingkang ngayawara lan mboten wonten pigunanipun.

Sadaya menika mboten saged kelampahan mekaten kémawon utawi spontan nalika kita nélakaken dados tiyang Kristen. Sadaya menika mbetahaken lelampahan/prosès ingkang kedah dipun budidaya saha dipun gladhi kanthi wekel lan taberi. Lelampahan ingkang kedah dipun tindakaken kanthi disiplin. Lelampahan ingkang katindakaken kanthi tansah ènget dhumateng menapa ingkang sampun katindakaken déning Sang Kristus tumrap kita. Inggih menika anggènipun Panjenenganipun séda kanggé nebus dosa kita, sarta wungu saking séda saprelu nangèkaken kita dhumateng gesang anyar wonten ing Panjenenganipun saha sesarengan kaliyan Panjenenganipun. Roma 6:5-6 nélakaken, „Sabab yèn kita wus padha nunggal kalawan apa kang padha karo sedané, kita iya bakal padha nunggal kalawan apa kang padha karo wunguné. Amarga kita padha sumerep yèn kamanungsan kita kang lawas iku wus ndhèrèk sinalib, supaya awak kita dununging dosa iki sirna panguwasané, lan kita padha ora ngawula marang dosa manèh.“

Sumangga kita nglampahi disiplin rohani ing gesang kita kanthi tansah masrahaken raga kita dhumateng Allah supados dipun wangun, dipun tuntun saha dipun sagedaken dados gegamaning kaleresan. Amin

7. KIDUNG TANGGAPAN: KPK 187:1-3

JIWA RAGA KAWULA

Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta
mugi dados lantaran kamulyaning Pangéran
kamulyaning Pangéran.

Tangan suku kawula nindakken pakaryannya,
mrih sesami basuki nampèni sihing Gusti,
nampèni sihing Gusti.

Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih rahmat,
temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji,
datan kendhat pinuji.

8. DONGA SYAFAAT LAN PANUTUP

[mh]



Wulan Brayat 2018

**BAHAN
PAKEMPALAN PANDONGA
BRAYAT INTI**



**Bahan ingkang
kacawisaken punika
saged dipun olah jumbuh
kaliyan kawontenan
piyambak-piyambak.**



Pakempalan Pandonga 1
Brayat Inti

Waosan Kitab Suci:
Markus 10:13-16

**BRAYAT INKGANG
ANGAYOMI**



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI KPJ 106: 1, 3

AMUNG KUMANDEL IKU

Amung kumandel iku uwiting karosanku
Amung kumandel iku etuking kraharjanku
Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku.

Srana pangandel iku ngilangken prihatinku
Srana pracaya iku sirna was sumelangku
Aku datan kuwatir, Pangéran pepujanku
Allah dadi kraharjanku, uwiting karosanku.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI: KPJ 316:1, 2

BRAYAT KANG NENGSEMAKEN SESAMI

Brayat kang tinangsulan ing tresna
tetales pitados mring Gusti
mesthi ayem tentrem lan raharja, atut rukun wah lestari,
silih asah lan asih, silih asuh tan pamrih
temah adeging brayat puniki nengsemken mring sesami.

Brayat kang tresnanira sayekti
kados sihé Sang Kristus Gusti,
lung tinulung silih angladosi tan nguja karsèng pribadi,
yèn bebaya anrajang linawan sesarengan,

temah adeging brayat puniki nengsemken mring sesami.

5. PAMAOSING KITAB SUCI

(Satunggaling laré maosaken Injil Markus 10:13-16)

6. WEDHARING PANGANDIKA

Brayat Ingang Ngayomi

Wonten pratéla *“home sweet home, rumahku istanaku”*. Pratéla punika mboten ngrembag bab griya (gedhong) nanging bab swasana. Dados, pratéla punika nggambaraken swasana gesang ing salebeting balégriya ginambar kadosdéné ing kedhaton. Kedhaton nggambaraken papan ingkang ngresepaken, éndah, ayom lan tentrem. Punapa balégriya brayat kita sampun ndhatengaken swasana ingkang éndah, kebak kabingahan, ndhatengaken raos ngremenaken, aman lan ngayomi sadaya ingkang manggèn ing lebetipun?

Brayat mengku timbalan ngrimati lan ngayomi anak ing bab raga, kajiwan, sesambetan kaliyan sesami, lan tata pangabekti. Punapa punika sampun kalampahan?

Ing sawenèhing tiyang taksih wonten ingkang nyawang bilih para laré namung dados sumber reribut, ngganggu, tukang damel kisruh. Mboten namung ing sawarnining paladosan lan pangibadah ing gréja, nanging inggih ing gesang padintenan ing griya. Kathah tiyangsepuh ingkang nyrengeni nalika anak-anakipun sami dolanan wonten nglebet. Nyrengeni anak jalaran anak kathah pitakènan ingkang déning tiyang sepuhipuhipun dipun anggep mboten aji. Para laré dipun anggep mboten gadhah hak wicanten lan pitakèn. Bakenipun si laré kedah mèndel, anteng, mituhu dhateng tiyangsepuhipun

Nalika si laré mrepegi dhateng tiyangsepuhipun, kanthi pangajeng-ajeng pikantuk tanggapan ingkang sumanak, ngayomi, raos jenjem, tentrem, bingah lan kalipur. Ananging mboten sakedhik tiyangsepuh ingkang nganggep badhé ngganggu, mila

lajeng ngusir laré wau kanthi alesan para tiyangsepuh sami nyambutdamel. Nalika para laré mbetahaken pitulungan saking tiyangsepuhipun, ingkang dipun tampi pitembungan ingkang mboten samesthinipun. Sakit karena dhawah saking sepédha, mboten dipun tulungi nanging malah dipun srengeni.

Para sakabatipun Gusti Yésus sami nyrengeni laré-laré nalika kasowanaken ing sacelakipun Gusti Yésus. Piyambakipun nyrengeni tiyangsepuhipun supados para laré dipun bekta nebih. Para sakabat mboten purun menawi dhatengipun para laré ngganggu Gurunipun. Para sakabat nganggep bilih para laré punika mboten penting, malah dipun anggep ngganggu. Para laré punika kepingin pikantuk lan ngraosaken berkah saking Gusti Yésus, nanging malah dipun tundhung.

Ananging Gusti Yésus ndukani para sakabat, Panjenenganipun mboten ngersakaken sok sintena malangi tiyang badhé sowan ing ngarsanipun, kalebet para laré. Gusti Yésus badhé ndandosi panganggep ingkang klèntu wonten ing para sakabat. Awit saking punika, Gusti nambut para laré kanthi katresnan, ngekep lan mberkahi para laré wau. Kekepanipun Gusti Yésus wujud panampi, Panjenenganipun mboten nganggep para laré minangka damel ngrigoni. Gusti Yésus mboten nganggep rèmhèh para laré, Panjenenganipun saèstu ngrengkuh kanthi éndah dhateng para laré. Pangekepipun Gusti Yésus inggih wujud ngayomi. Mralambangaken sang Rama ingkang ngayomi para putranipun.

Nuladha dhateng ingkang dipun tindakaken Gusti Yésus, mila sampun samesthinipun tiyang diwasa nambut lan nampèni para laré kanthi kebak katresnan lan kabingahan. Para tiyang diwasa ndarbèni tanggungjawab mitulungi para laré supados saged ngraosaken rawuhipun Gusti wonten ing gesangipun. Saben brayat, tiyang sepuh kedahipun nindakaken timbalanipun kanggé nenuntun para laré ngraosaken berkah lan sih-rahmat saking Gusti Allah. Saben tiyangsepuh kedah

saged angayomi lan paring raos tentrem. Sarana makaten, temtu saben balégriya/ brayat badhé dados kedhaton tumrap sadaya warganipun. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI KPJ 323: 1, 2.

MÉNDAHNÉA RAHAYU TYANG GEGRIYA

Méndahnéa rahayu tyang gegriya
 klayan tansah rumaket mring Gusti,
 Kang kadya mitra lan tukung basuki,
 sarwi bingah prèntahnya pinundhi
 sekakapti anilingken sabdanya,
 angabekti Allah klayan éklas,
 rintén ndalu angluhurken asmanya
 myang sumuyud kalayan trus ing tyas.

Méndahnéa rahayu tyang semahan,
 klayan nunggil tresnanya mring Gusti,
 runtang-runtung dènira sih sinihan,
 klayan, saékapraya lan budi,
 sadinten-dinten sami ngajeng-ajeng,
 idining Gusti sarwi memuji
 ing satitah nrimah klayan pitajeng
 saha tresna dumugi ing janji.

8. PANDONGA SYAFAAT

- Laré ndongakaken tiyangsepuh
- Tiyangsepuh ndongakaken para laré

9. KIDUNG PANUTUP KPJ 189: 1, 2.

GUSTI ALLAH PANGAYOM SETYA

Gusti Allah Pangayom setya, tansah ngrimati umatnya
 Lir pangon rumeksa méndanya, mula arum ngandikanya
 “Ora bakal Aku téga, tan bakal nilar mring sira”

Mila kita mosik ing ati “Aku bakal ora wedi

Awit Gusti kang Mahasetya, datan téga nilar kita.”
Manungsa bisané apa, katandhing Allah Makwasa.

[edp/tk]



Pakempalan Pandonga 2
Brayat Inti

Waosan Kitab Suci:
Yakobus 3:1-13

**JURUS
KOMUNIKASI ING
SATENGAHING
BRAYAT**



1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI: KPK 13:1-3
(Kapimpin salah satunggaling tiyangsepuh)

AKU DUWÉ PAMARTA

Aku duwé Pamarta Yésus Kristus asmanya
kang wus ngurbanken sarira ngruwat aku sing dosa,
Duwèkku, duwèkku Gusti Yésus Pamartaku,
dak puji trusing kalbu.

Aku duwé Pamarta satuhu ing kasetyan,
yèn aku nyangga panandhang pinaringan karosan,
Duwèkku duwèkku Gusti Yésus Pamartaku
dak puji trusing kalbu.

Aku duwé Pamarta putrèng Allah pribadya,
yèn aku karoban susah tinunggil mrih tan lesah,
Duwèkku duwèkku Gusti Yésus Pamartaku
dak puji trusing kalbu.

3. DONGA PAMBUKA
(Kapimpin salah satunggaling laré)

4. KIDUNG PAMUJI: KPK 31:1-3
(Kapimpin salah satunggaling tiyangsepuh)

PINUJIA ALLAH

Pinujia tansah Allah Mamirah
kang gung tresnanira mring salir titah

tyang dosa duraka sinung apura
 tinebus sing pati temah basuki
 Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta
 luhurna mulyakna Pangruwating dosa.
 Pasrah maring Allah srana pracaya
 margining waluya tentrem raharja.

Pinuji slaminya Allah Matresna,
 kang ngegungken sabar mring tyang kang mblasar,
 nuntun mring pitobat srana sih rahmat,
 mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci,
 Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta
 luhurna mulyakna Pangruwating dosa.
 Pasrah maring Allah srana pracaya
 margining waluya tentrem raharja.

Pinuji tan kendhat Allah murbèng rat,
 kang nunggil wah ngreksa mring kagungannya,
 tyang bekti lan setya sinung nugraha,
 gesang langgeng nyata nèng kraton swarga,
 Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta
 luhurna mulyakna Pangruwating dosa.
 Pasrah maring Allah srana pracaya
 margining waluya tentrem raharja.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yakobus 3:1-13
(Kapimpin salah satunggaling laré)

6. KIDUNG TANGGAPAN: KPK 195:1-3
(Kapimpin salah satunggaling tiyangsepuh)

ISINING KITAB SUCI

Isinya kabar kabingahan winangsitken déning Pangéran
 dadya srana suka piwulang margining kautaman
 Dimèn tyang pitados tansah rumantos
 mbangun turut Gusti nresnani sesami.

Tyang lepat kraos winelèhna
 déning sabdaning Kang Ma'kwasa

tyang dosa gya samya mratobat nampènana sih rahmat
 Dimèn tyang pitados tansah rumantos
 mbangun turut Gusti nresnani sesami.

Tyang lesah sinung lipur nyata
 karana kwasaning sang sabda
 wewatekan mindhak utama wah kekah ing pracaya
 Dimèn tyang pitados tansah rumantos
 mbangun turut Gusti nresnani sesami.

7. WEDHARING PANGANDIKA

(Kapimpin salah satunggaling laré)

Jurus Komunikasi Ing Satengahing Brayat

Wonten ing gesang bebrayatan, komunikasi dados bab ingkang sanget wigatos. Pramila brayat kedah mangertos bab seserepan menapadéné jurus utawi ketrampilan komunikasi ingkang trep. Salah satunggaling jurus komunikasi inggih menika sesambetan kaliyan ilat.

Serat Yakobus 3:1-13 ngènetaken kita kadospundi agengipun daya pangaribawa ilat ing gesang kita. Yakobus 3:5 nélakaken, “Mangkono uga ilat, sanadyan dadi pérangané badan kang cilik, éwadéné bisa ngumukaké prakara-prakara kang gedhé.”

Ayat 9-10 ngènetaken kita, “Kalawan ilat kita memuji marang Gusti Allah, Rama kita, sarta kalawan ilat kita nyumatani manungsa, kang katitahaké manut citraning Allah, cangkem siji metokaké berkah lan ipat-ipat. Bab iki, para sadulurku ora kena mangkono.”

Para kinasih kagunganipun Gusti, Asring raos kuciwa, paiting manah saha nepsu ingkang dipun alami déning anggotaning brayat kedadosan awit saking pacelathon/pitembungan ingkang mboten trep ingkang kaucapaken déning anggotaning brayatipun, ingkang padatanipun ndadosaken talingan ,bentèr‘ saha nuwuhaken pinggeting manah.

Bab kados mekaten kelampahan awit mboten wontenipun kendhali tumrap pancelathon/pitembungan malih amargi rumaos sampun dangu anggènipun sesémahan/bebrayatan utawi sampun biyasa srawung utawi amargi rumaos langkung sepuh, lan sapanunggalanipun.

Bab-bab ingkang kados mekaten ndadosaken brayat dérèng kwawi dados papan ingkang asung pangajeng-ajeng. Kamangka saben tiyang mbetahaken papan kanggé ‘sumendhé’ ing gesangipun. Inggih menika kanggé sumendhé lan ngraosaken kaayeman saking bentèring jagad saha sadhéngah tuntutan lan nepsu rebat unggulipun. Brayat mestinipun dados papan tumrap anggotaning brayatipun saged nggluntakaken sadaya isining manah (kelebet momotaning gesang) sacara mardika. Inggih menika papan pangayoman saking sadaya pangancam saha raos pedhot ing pangajeng-ajeng. Brayat dados papan ingkang saged nampi, ngregani saha mirengaken sadaya pangluntaking raosing manahipun anggotaning brayat.

Pitakènanipun, “Ing satengahing kawontenaning jagad ingkang kebak ing tuntutan saha rebat unggul samangké, menapa brayat kwawi mujudaken ingkang kados mekaten?” Wangsulaniipun, “Temptu kwawi ...”

Kanggé mujudaken sadaya menika dipun betahaken sedya ingkang bakuh kanggé mujudaken. Lan menika saged kita wiwiti saking kedaling ilat kita. Ilat ingkang temtunipun dipun kendhalèkaken déning manah saha pikiran kita. Pramila, Serat Yakobus 3:13 nélakaken, “Sapa panunggalanmu kang wicaksana sarta limpad ing budi? Iku nuduhna panggawéné uripé kang utama kalawan kawicaksanaan, kang tuwuh saka ing budi sarèh.”

Tembung ‘budi sarèh’ ing ngriki mboten ateges klemak-klemèk, ananging langkung ateges saged ngendhalèni dhiri. Lan kawicaksanaan tuwuh ing dhiri kita menawi kita saged ngendhalèni dhiri. Inggih menika ngendhalèni ilat, manah saha sakwetahing gesang kita. Menawi ingkang kados

mekaten ingkang dumados lan menika tansah kita upadi ing gesang kita, pramila brayat kita badhé saged dados brayat ingkang tansah asung pangajeng-ajeng dhumateng sinten kémawon, mirunggan anggotaning brayat kita. Sumangga kita sami ngecakaken jurus komunikasi ingkang mekaten: Sami ngendhalènana ilat kita! Amin.

8. KIDUNG TANGGAPAN : 107:1-3

(Kapimpin salah satunggaling tiyangsepuh)

GUSTI MUGI TANSAH NUNTUN

Gusti pangayoman nyata nuntun lampah kawula
panggodha tansah nempuha kula unggul sing dosa
wit kinanthi déning Gusti siyang dalasan ratri
kula sinung basuki.

Gusti Pangèn kang sejati ngrimati kula tansah
mila ayam tentrem yekti wit peparangnya tumrah
astanira nglanting kula nadyan rumpil marginya
kula sinungan begja.

Gusti pepadhang sanyata tansah nglipur kawula
awrata panandhang kula datan semplah ing driya
berkahira ngreksa kula ngantos ing salaminya
kula sinung raharja.

9. DONGA SYAFAAT LAN PANUTUP

(Kapimpin salah satunggaling laré lan tiyangsepuh)

[mh]



